ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№96 (24.690) • 2024 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 10, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэм къызэритамкIэ



ДыщIигъуащ мин 905-м

Республикэм и Правительствэм и лIыкIуэхэр, щIыналъэ администрацэхэм я унафэщIхэр зыхэт зи чэзу зэIущIэр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Какзбек иригъэкIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ «2030 гъэ пщIондэ, къыкIэлъыкIуэу 2036 гъэм нэсыху Урысей Федерацэм зэрызиужьыну унэтIынытгъэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм и Президентым и Указыр зэрагъэзащIэм. Абы и лъабжьэр жылагъуэр хъумэнырщ, цIыхухэм я узыншагъэр, зэIуэзэпэщ псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ, унагъуэхэр дэIыгъынырщ.

ЩIЫНАЛЪЭМ зэпымыууэ щыпсэу цIыхухэм я бжыгъэр мин 905-м щIигъуащ. Республикэр ящыщщ нэхъ гъащIэ кIыхь зиIэ цIыхухэр щыпсэухэм – абыкIэ къэралым и хэгъэгухэм я деж 4-нэ увыпIэр щытIыгъщ. Ди щIыпIэм щыпсэухэм ику иту илъэс 78-рэ къагъащIэ. Апхуэдэу республикэр хохьэ сабий нэхъыбэ къыщалъху, дунейм ехыжхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэу щыщыт хэгъэгуипщIым.

«Шэч хэмылъу, социально-экономикэ щытыкIэм зегъэужьынымкIэ, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ хэкIыпIэ нэхъыщхьэу щытыр ди Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ къыхалъхьа лъэпкъ проектхэрщ. Абыхэм япкъ иткIэ щIыналъэ проекту 47-рэ догъэзащIэ. Мы гъэм и япэ илъэс ныкъуэм зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр къызэрыдэхъулIэмкIэ республикэм къэралым ебланэ увыпIэр щиIыгъщ. Адэкlи абыкIэ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуэфщIыным, я фIагъым, и чэзум зэфIэгъэкIыным ткIийуэ фызэрыкIэлъыплъыным иужь фит», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Апхуэдэу къытеувыIащ щIыналъэхэм къедза щIыпIэхэр гъэкъэбзэным теухуауэ ирагъэкIуэкIыпхъэхэм. КIуэкIуэ Казбек пщэрылъ ящищIащ Республикэм и махуэм ирихьэлIэу щIыналъэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэIуэзэпэщ ящIыну. Лэжьыгъэм къызэщIрагъэубыдэн хуейщ жылагъуэ зэхуэсыпIэхэр, гъуэгу гъунэхэр, IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм къызэщIаубыдэ щIыналъэхэр. А Iуэхум къыхашэнущ республикэ, щIыналъэ IэнатIэ псоми я лэжьакIуэхэр.

Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу къыхагъэщащ гъэ еджэгъуэщIэм зэрызыхуагъэхьэзырыр. ФокIадэм и 1-м зэуэ школыщIэу 6 къызэIуахынущ, абыхэм кIуэнущ сабий мини 4-м щIигъу. Сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзэжа еджапIи 6-ми а махуэм я бжэхэр къызэIуахыжынущ.

КIуэкIуэ Казбек пщэрылъ ящищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и школ псоми гъэ еджэгъуэщIэр сыткIи зэпэщу къыщызэрагъэпэщыну.

Жьапщэшхуэм и зэран

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек цIыхухэр щигъэгъуэзащ Тэрч щIыналъэм и жылэхэм электрокъарур яхуэзыутIыпщ, ятезыгуашэ и IэнатIэм и лэжьыгъэр тэмэму зэтегъэувэжыным ехьэлIа Iуэхухэр зэрекIуэкIым.

МАХУЭ зыбжанэ ипэкIэ Тэрч щIыналъэм къыщыкъуэуа жьапщэшхуэм и зэран екIащ районыр электрокъарукIэ къызэзыгъэпэщ инфраструктурэм. ГъущI-бетоным къыхэщIыкIа пкъоуэ 50-м щIигъу игъэкIурящ, вольт лъагэ зрикIуэ ток кIапсэхэр зыпыдзахэри яхэту.

Ныкъусаныгъэхэр гъэкIуэдыжыным хуэгъэпса аварийнэ къулыкъум и IэщIагъэлIхэр я лэжьыгъэм икIэщIыпIэкIэ пэрыхьащ икIи ахэр щрагъэкIуэкI Плановскэ, Акъбащ Ищхъэрэ, Белоглинскэ къуажэхэм. ЕтIуанэ махуэм абыхэм ядэIэпыкъуну къэкIуащ республикэм и адрей муниципалитетхэм, Псыхуабэ къалэм я энергетикхэр.

«Материалым, къарум, Iэмэпсымэм дрокъу. Зэгъэпэщыжынымгъэ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкI щIыкIэм и хъыбар щIэмычэу къысIэрохьэ икIи арсинэIэщIэтзэпытщ. Аварийнэ къулыкъум и лэжьакIуэхэм лъэкI къагъанэркъым щIыналъэр электрокъарукIэ къызэзыгъэпэщ системэр нэхъ псынщIэу зэтеувэжын папщIэ», - къыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Лъэпкъ пэхуэщIэхэр зэрагъэзащIэм арэзы къещI

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алийрэ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и къуэдзэ Владимиров Максимрэ зэгъусэу зэIущIэ иджыблагъэ ирагъэкIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ лъэпкъ пэхуэщIэхэм къыщыгъэлъэгъуауэ мы гъэм республикэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм зэрехъулIэ щIыкIэм.

ЗэIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу щыIэ **Васильченкэ Дмитрий**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Къуныжь МуIэед**, Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, экономикэ зыужьынымгъэмкIэ министр **Рахаев Борис**, щIыналъэм и адрей министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэр.

Мусуков Алий зэIущIэм къызэрыщыхигъэщамкIэ, щIыналъэ пэхуэщIэу 47-рэ республикэм щагъэзащIэ, абыхэм ящыщу 33-м текIуадэ мылъкур зэраубзыхуам тету къаутIыпщ.

Дызэрыт илъэсым и япэ Iыхьэ ныкъуэм къриубыдэу зэфIагъэкIыну зыхуагъэувыжа къалэнхэм щыщу яхуэзэфIэкIамкIэ (процент 99,93-рэ) ебланэ увыпIэр къэралым, япэ увыпIэр КИФЩI-м хыхьэ щIыналъэхэм я деж щиIыгъщ республикэм. 2024 гъэм лъэпкъ пэхуэщIэхэм трагъэкIуэдэну мылъкум и куэдагъыр сом мелард 11-м ноблагъэ.

Владимиров Максим Правительствэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм, федеральнэ властым хуалэ зэпыщIэныгъэхэри яхэту, арэзы техъуащ икIи адэкIэ зэрехъулIэну щIыкIэм теухуа чэнджэщхэр къаритащ.

БАТОКЪУЭ Албэч.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэм къызэритамкIэ

Ди газетыр къезыгъэхьхэм папщIэ

2024 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 598-рэ кIэпIейкIэ 64-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 542-рэ кIэпIейкIэ 84-рэ.

Ди индексыр П5894

Нобэ, Физкультурникым и махуэм

ШыщхьэуIум и 10-м Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ Физкультурникым и махуэр. Ар Iэтауэ ягъэлъэпIэн зэрыщIадзэрэ мы гъэм илъэс 85-рэ ирокъу. Фигу къэдгъэкIыжынщи, ар зи махуэр спортсменхэм я закъуэкъым, атIэ зи узыншагъэм гулъытэ хуэзыщI дэтхэнэми и махуэщ. Iэпкълъэпкъыр узыншэмэ, псэри узыншэщ. ЦIыхур тыншу, узыншэу псэун папщIэ, псом япэ ипщэ къыдэхуэ къалэныр и щхьэр ихъумэнырщ, и узыншагъэм кIэлъыплъынырщ, иригъэфIэкIуэнырщ. Абы папщIэ Iэмал гъуэзэджэщ спортымрэ физкультурэмрэ. А псори къалъытауэ, гъэ къэси хуэдэу, Налшык къалэ щагъэлъэпIэнущ Физкультурникым и махуэр.

НАЛШЫК къалэ администрацэм ЩIалэгъуалэ Iуэхухэмкlэ и управленэм къыхилъхьащ а махуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм «ZA-спорт!» спорт фестиваль щригъэкIуэкIыну.

Апхуэдэ Iуэху дахэр къызэгъэпэщыным щхьэусыгъуэ хуэхъуар сабийхэр, щIалэгъуалэр, балигъхэр спортым дегъэхьэхынырщ, физическэ щэнхабзэм пылъ сэбэпынагъыр цIыхухэм зыхегъэщIэнырщ, абыхэм я узыншагъэр а Iэмалхэмкlэ ирагъэфIэкIуэным къыхуеджэнырщ.

ШыщхьэуIум и 10-м Налшык къалэ махуэшхуэ концерт щекIуэкIынущ, апхуэдэуи къызэхуэсахэр зэпеуэнущ мы спорт лIэужьыгъуэхэмкlэ:

- армрестлинг;
- гырэ къэIэтын;
- Iэ лъэныкъуэкIэ хьэлъэ Iыгъын;
- Iэ лъэныкъуэкIэ шэнт къэIэтын;
- нэгъуэщIхэри.

Утыку зыбжанэм щызэхьэзэхуэнухэм кIэлъыплъынущ Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI тренерхэр.

Зэпеуэм хэтахэм щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ иратынущ. Абыхэм нэмыщI, текIуахэм хуагъэфэщэнущ Налшык къалэ администрацэм ЩIалэгъуалэ Iуэхухэмкlэ и управленэм и кубокымрэ фитнес клубхэм я абонементхэмрэ.

Зэхьэзэхуэм хэтыну ирагъэблагъэ жэрдэм зиIэ псори, я узыншагъэм къахуидэ къудеймэ.

Зэхуэсыпlэр: ХьэтIохъущыкъуей жыг хадэрщ, шыщхьэуIум и 10-м, сыхьэт 17-м, «Чайный домик» шхапIэм и гъунэгъуу.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● ЗэІущІэхэр

Бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм ирихьэлІэу

КъБР-м Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министерствэм и комиссэм и зэІущІэ шыщхьэуІум и 7-м зэхэтащ. Комиссэм и Іэтащхьэу хахащ КъБР-м и Правительствэм и япэ къуэдзэ Къуныжь МуІэед. Зэхыхьэр теухуауэ щытащ 2024 - 2025 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм республикэм и Іуэхущ Іапі эхэмрэ псэупІэ унэхэмрэ хуабэкІэ къыззэгъэпэщыным зэрыхуэхьэзырым.

ЗЭХЫХЬЭМ къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ КъБР-м и Правительствэм зэриубзыхуам тету, мэлыжьыхьым щІадзауэ бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм Іуэхущ Іапі эхэмрэ псэупІэ унэхэмрэ зэрагъэплъынум зэрыхуагъэхьэзырыр.

КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ Бэлагъы Борис и псалъэм къыхигъэщащ къат куэду зэтет псэупІэ унэу мини 2843-рэ, котельнэу 378-рэ, хуабэ зэрыкІуэ сету километр 496-рэ, хуабэ зэрыкІуэ пункт нэхъыщхьэу 52-рэ, псы зэрыкІуэ сету километр 4248-рэ ягъэхьэзырыну къаазэрыпэщылъыр. Іуэхум сом зы мелардрэ мелуани 130-рэ текІуэдэнущ. ЩІыпІэ бюджетым къыхэкІыу процент 59-р абы хухахынущ: республикэм и къалэ, район администрацэхэм сом мелуан 57-рэ, щІыналъэм и Іуэхущ Іапі эхэу - «ПАО Россети Северный Кавказ»-«Каббалкэнерго», «Газпром межрегионгаз Нальчик» сом зы мелардрэ мелуан 67-рэ .

Бэлагъы Борис зэІущІэм хэтхэм къалэн ящищІащ фокІадэм и 1-м и пэ къихуэу гъуэз зэрыкІ уэнжакъхэм, инженер сетхэм я щытыкІэр зыхуэдэр къапщытэу абы кърикІуахэм хагъэгъуэзэну. Мы зэманым зэрахъуэкІ жьы хъуа хуабэ зэрыкІуэ сетхэр.

Къэпщытакіуэ гупым хэтхэм мы Іуэхум я нэІэ тетщ икІи бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм респуликэм и Іуэхущ Іапі эхэмрэ псэупІэ унэхэмрэ зэрыхуагъэхьэзырым мазэ къэс къалэхэмрэ къуажэхэмрэ кІуэурэ щыкІэлъоплъ. ЩІыналъэхэм я къалэ, къуажэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэми Іуэхум зэрызыхуагъэхьэзырым, зыхуей-зыщыщІэхэм теухуа хъыбархэр мазэ къэс министерствэм кърагъащІэ. Шыщхьэуіум ирихьэлІэу лэжьыгъэхэм я зэхуэдитІыр зэфІагъэкІащ. Къат куэду зэтет псэупІэ унэхэм я процент 64-р хуабэкІэ къызэгъэпэщыным хуагъэхьэзыращ. Шэджэм, Май, Аруан, Бахъсэн, Прохладнэ щІыналъэхэр процент 80-кІэ хуэхьэзырщ. Іуащхьэмахуэ районыр процент 25-рэ къудейщ лэжьыгъэхэм зэрыхунэсар. ЩІыналъэм и псэупІэ унэ 222-м щыщу зэкІэ зэпэщар 57-рэщ. Котельнэ 18-м щыщу хьэзырыр зы къудейщ. Іуащхьэмахуэ щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм къалэн щащІащ жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу Іуэхущ Іапі эхэмрэ псэупІэ унэхэмрэ хуабэкІэ къызэрагъэпэщыну. Адрей щІыналъэхэм я котельнэхэр тэмэмщ. Республикэм псы зэрыкІуэ и сетхэр процент 70-кІэ ягъэхьэзыращ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и школ псори бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм проценти 100-кІэ зыхуей хуагъэзащ.

ЗэІущІэм хэтащ республикэм и къалэ, район администрацэхэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лІыкІуэхэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

КъБР-м хэхыныгъэхэм кІэлъыплъыныкІэ и Жылагъуэ штабым и зи чэзу зэІущІэр иджыблагъэ щекІуэкІащ республикэм и Жылагъуэ палатэм.

ЖЫЛАГЪУЭ лэжьакІуэхэмрэ студентхэмрэ зрагъэблэгъа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ фокІадэм и 8-м екІуэкІыну Іэ Іэтым зэрызыхуагъэхьэзырым.

Зэхуэсахэм и гугъу ящІащ КъБР-м и Парламентым VII зэхуэсыгъуэм и депутат хъунухэр къызэрагъэлъагъуэ Іуэхухэм. Мы зэманым «Политикэ партхэм ятеухуауэ» Федеральнэ законым ипкъ иткІэ, хэхыныгъэхэм хэтыну хуитыныгъэ яІэщ парт 25-м.

Къэбэрдей-Балъкъэрым а хуитыныгъэр къагъэсэбэпащ парти 6-м я щІыналъэ къудамэхэм. «Урысей зэкъуэт» партым кандидати 118-рэ итхащ, КПРФ-м къыбгъэдэкІыу - 68-рэ, ЛДПР-м - 47-рэ, «Новые люди» - 43-рэ, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей - Хэкупсэхэр - Пэжым и телъхьэу» - 41-рэ, «Удзыфэхэр» - 40. Псори зэхэту 357-рэ мэхъу. Депутат пщэрылъхэр ягъэзэщІэну 70 хахынущ.

КъБР-м и Парламентым и хэхыныгъэхэм иджы япэу къыхыхьащ «Новые люди» партым и лІыкІуэхэри. КъБР-м хэхыныгъэхэм кІэлъыплъыныкІэ и Жылагъуэ штабым и эксперт, Прохладнэм и «Къалэ электрокъарухэр» АО-м и унафэщІ Литвинов Роман къызэрыхигъэщамкІэ, партхэм я нэхъыбэр хущІокъу щІыналъэм и гугъуехьхэмрэ федеральнэ Іуэхухэмрэ зэпэшэчауэ елэжьыным.

- Унафэщ Іхэмрэ жылагъуэмрэ ди къару зэхэлъу делэжьмэ, хэхыныгъэхэр къызыхуэтынщэу екІуэкІынущ. Къыхэгъэщыпхъэщ, Урысейм и щІыналъэщІэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэри мы Іуэхум хэгъэгъуэзэн зэрыхуейр. Иджыпсту дэтхэнэми хуиту Іэщи Іэт мэхъу здэщыІэ щІыпІэм и деж, - жиІащ къэпсэлъам.

КъБР-м и Парламентым и VII зэхуэсыгъуэм и депутат хэхыныгъэхэр егъэкІуэкІыным хэтынущ КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэр, щІыналъэ хэхыпІэу 13-рэ участковэ хэхыпІэу 355-рэ, республикэм щыпсэу цІыху мин 540-м щІигъу.

Жылагъуэ штабым и эксперт, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым егъэджэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и факультетым и деканым и къуэдзэ Къарей Расул къыхигъэщащ хабзэм тету Іэ Іэтыр щекІуэкІыну махуэм зэрызыхуагъэхьэзырыр.

КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм пхъэидзэ щекІуэкІащ, республикэм и политикэ партхэм я лІыкІуэхэр телевиденэмрэ радиомрэ пщІэншэу къызэрыщпсэлъэну зэманым теухауэ. Къиищынэмыщ Іауэ, партхэм я фІэщыгъэхэмрэ дамыгъэхэмрэ бюллетеным зэрытетыну щыкІэри яубзыхуащ. Мы зэманым ирихьэлІэу, политикэ партхэм ныкъуасныгъэрэ тхьэусыхафэрэ къабгъэдэкІакъым.

Хэхыныгъэхэр зэрекІуэкІым я нэІэ трагъэтынущ жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэм. Ахэр иджыпсту Іуэхум щыхагъэгъуазэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм епхауэ къызэрагъэпэща Жылагъуэ штабым. Абы и унафэщІ Маслов Николай зэрыжиІэмкІэ, республикэм и муниципальнэ щІыналъэ псоми я хэхыпІэхэм жылагъуэ кІэлъыплъакІуэ 900-м нэблагъэ щыІэнущ. Апхуэдэуи Іэ щаІэтыну махуэм, фокІадэм и 8-м, Жылагъуэ штабым ЦІыхубэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ центр къыщызэІуахынущ, телефон линие щхьэхуэ ягъэлэжьэнущ. Масловым къыхигъэщащ жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэм я процент 70-м щІигъур нэхъ ипэкІи хэхыныгъэ Іуэхухэм зэрыхэтар икІи ягъэзэщІэну къалэнхэм фІыуэ зэрыхащІыкІыр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

2024

ФокІадэм и 8-м | VII зэхуэсыгъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хах

Къытпэщылъ ІэІэтым зэрызыхуагъэхьэзырыр

ЩІыхумрэ хуабэмрэ

● Фысакъ

Ди щІыналъэм щыпсэухэр зэмыса хуабэ ямылейр къехыну иджыри зигъэхьэзыр хуэдэкъым. Абы и щІыІужкІэ, пшэр техьэ-текІ зэпытщ, и зыгъазэ къэс цІыхум зыдагъэшын хуей хъууэ.

АтІэ сыт цІыху къэс ищІапхъэр апхуэдэхэм деж? А упщІэм жэуап кърет гу-лъынтхуэ узыфэхэмкІэ дохутыр, Урысейм щыцІэрыІуэ Войновэ Екатеринэ:

- ХУАБЭР градус 30-м щыфІэкІыр, сымаджэхэр къэгъэнауэ, цІыху узыншэхэми къатохьэлъэ - жьыр яхуикъуркъым, я гур псынщІэу къоуэ, лъыр лъагэу доуей, периферическэ лъынтхуэхэм нэхъ ину зызэІуах, лъакъуэхэр къопщ, лъынтхуэхэм къыркуэхэр кІэрищІэнкІэ шынагъуэ щыІэу. ЦІыхур ямылейуэ щыпщІантІэм деж магнийм-рэ калиймрэ я ионхэр къапкърех, гур зытет лэжьэкІэ мардэм трихуу, лъыри мащІэу нэхъ Іув мэхъу, лъынтхуэхэм къищынэмыщІауэ, артериехэми лъыр щызэпцІынкІэ хъууэ. Тромбкіэ дызэджэр лъыр къыркуэ цІыкІуу щызэпцІым дежщ. Абы лъым хэту къикІухьынкІэ мэхъу икІи щхьэм, гум, тхьэмбылым нэсу иувыІыхьмэ, цІыхумкІэ шынагъуэ хъур аращ. Калиймрэ магнийм-рэ Іэпкълъэпкым къыщемэщІэкІым деж лъакъуэхэм хуэш къыхыхьэнущ. Ар витаминхэмкІэ е а пкъыгъуэхэр куэду зыхэлъ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкІхэмкІэ иригъэкъужын хуейщ.

Егъэлеяуэ щыхуабэм деж нэхъыфІыр дыгъэ гуащІэм уэмытынырщ. ІэмалыншагъэкІэ зыщІыпІэ фыкІуэн хуей хъумэ, уэрамым и жьауапІэ лъэныкъуэр къыхэфх. Псы щІыІэтыІэкІэ зызэпыфлъэщІыхь икІи щІэх-щІэхыурэ абы фефэ. Къыфпэщылъ лъэс гъуэгуанэм тещІыхьауэ, тыкуэнхэм, музейхэм фыщІыхьэ. Абыхэм щІэт кондиционерхэр сэбэп хъунущ фи Іэпкълъэпкъым зыкъищІэжьынымкІэ. МащІэу зывгъэпсэхуа нэужь фи гъуэгум пыфщэ. Псы щІыІэтыІэм и къэгъэсэбэпыкІэми дыкъытеувыІэнщ.

Хуабаем деж языныкъуэхэр псынщІэу унэм мэкІуэжри, псы къыпыж щІыІэм кІэщІоувэ, загъэщІыІэтыІэмэ нэхъыфІу къалъытэу. Ар зэранщ - лъынтхуэхэм зэуэ зызэхуашэу инфаркт, инсульт къуатынри хэлъщ. Зэуэ зытефкІа псы щІыІэм гур треху и лэжьэкІэ мардэм, зы дакъикъэм хуэзэу 300-рэ къыщеуэ къэхъуу. Абы лъыр земыкІуэххэу къызэтрегъэувыІэ. щхьэ куцІым и лэжьэкІэм сэкъат инхэр къыхуихьу. Ар нэхъыбэу зыхуэлъэр цІыхухъухэрщ икІи апхуэдэ щытыкІэ ихуэмэ, занщІэу Дэ-Іэпыкъуэгъу псынщІэм еджэн хуейщ.

Дунейм и хуабэгъуэм кхъухьлъатэхэми щысакъыпхъэщ. Уэгум ит цІыхум зы сыхьэтым хуэзэу псы стэкан фІокІуэд, ар абы зэман кІыхькІэ исмэ, къытемыхьэлъэнкІэ Іэмал имыІэу. Сыту жыпІэмэ, цІыхум псы куэд фІэкІуэдыху, лъыри нэхъ Іув мэхъу, апщІондэху гумрэ лъынтхуэхэмрэ нэхъри къатохьэлъэ, лъы Іувыр къепхуэкІыныр нэхъ гугъущи. Аращ апхуэдэхэм деж гур псынщІэу кхъыщІеуэр. Абы кхъыхкІыу кхъухьлъатэм фыщисым деж псы зэпымыууэ фефэ. Фи лъакъуэхэр къызэрымыпщыным, фи лъэдийхэр зэрымыузыным фыхэт, тутын фемыфэ - никотиным лъыр нэхъ Іув ещІ, фыздэщысым фи лъакъуэр зыр адрейм тевмыдзэ, лъынтхуэхэр фІыуэ лэжьэн, лъыр хуиту зекІуэн папщІэ. Кхъухьлъатэм фитІысхьэн ипэкІэ аспирин таблеткэм и Іыхьэ плІанэм фефэ е фи лъакъуэхэр массаж зыщІ лъэпэд лъыфтІагъэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Журналистхэм я зэгухьэныгъэм

Зэчэнджэщащ, зэкъуэуващ

Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и Федеративнэ советым и зэІущІэ екІуэкІащ. Абы хэтхэр иджы щызэхуэсар Москвакъым, атІэ мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 650-рэ зэрырикъур зыгъэлъапІэ Киров къалэ жыжьэрщ.

БЛЭКІА лъэхъэнэм зэгухьэныгъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ доклад ищІащ абы и правленэм и унафэщІ Соловьёв Владимир. Къэпсалъэм ягу къигъэкІыжащ Союзым нэхъ гу зылъытапхъэу зэфІигъэкІа Іуэхухэр. Къэбгъэлъагъуэмэ, абыхэм ящыщщ иджырей журналистикэм и «Урысейпсо-2024» форуму Сочи къалэм щрагъэкІуэкІар, хэкІуэда журналистхэм я фэеплъым и махуэу илъэс къэс дыгъэгъазэм и 15-м ягъэлъапІэр, «Дыщэ къэлэм» журналист дамыгъэ нэхъыщхьэхэр зэрыратым иращІылІа гуфІэгъуэр, «Дыщэ стратегие» зэпеуэр, «ЩытыкІэщІэ» документальнэ кином и фестивалу Железноводск къалэм щызэхагъэхьар, зэгухьэныгъэм и «Инфорум» егъэджэныгъэ проектхэр зэрагъэзащІэр. «Илъэсым и пэщІэдзэм, - къыхигъэщхьэхукІащ Соловьёв Владимир, - Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хузэфІэкІащ тыкуэнышхуэхэм газетхэмрэ журналхэмрэ щащэ щІыпІэр хухахыным теухуауэ къыхилъхьа жэрдэмыр Урысейм и Правительствэм щыпхигъэкІын».

УнафэщІым гулъытэшхуэ хуищІащ журналистхэм хабзэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжьынымкІэ центру езы Союзым и нэІэ тету лажьэм зэфІигъэкІхэм. Дунейпсо утыкум и гугъу щищІым Соловьёв Владимир къыхигъэбелджылыкІащ Китай ЦІыхубэ Республикэм хуаІэ пыщІэныгъэхэм зэрызаубгъур. Ар тепсэлъыхьащ Союзым и секретариатым игъэува наградэщІэхэм. Ахэр «ЩІыхь, пщІэ, ІэщІагъэ куу», «ИІэ фІыщІэхэм папщІэ», «Журналистикэм и ветеран», «ЦІыхухэм зэрадэІэпыкъуам папщІэ», «Прессэр зэрыдиІыгъым папщІэ», «Мышынэу къызэрыщІэкІам папщІэ» медалхэр.

Зэгухьэныгъэм мылъкум ехьэлІауэ иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм и гугъу ищІащ абы и секретариатым и унафэщІ Токарский Денис.

Федеративнэ советым и етІуанэ Іыхьэм утыкур ирагащ щІыналъэ къудамэхэм я Іэтащхьэхэм. ИрагъэкІуэкІ лэжьыгъэм зэрытепсэлъыхьам къыдэкІуэу абыхэм жэрдэм зыбжанэ къыхалъхьащ а лэжьыгъэр нэхъыфІу зэфІэха зэрыхъунум хуэгъэзауэ.

ЗэІущІэр щызэхуищІыжым Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Соловьёв Владимир къызэхуэсахэм фІыщІэ яхуищІащ жыджэру зэрылэжьам къыхэкІыу.

- Союзым и Федеративнэ советым хохьэ щІыналъэ къудамэхэм я унафэщІ псори икІи ар илъэс къэс зэ зэхуос абы и Іэтащхьэмрэ секретариатым и унафэщІымрэ я отчётхэм едэІуэн папщІэ,- къыджиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Журналистхэм я союзым и унафэщІ Жыласэ Заурбэч. - Дэ Іэмал догъуэт къэралым и нэгъуэщІ щІыналъэхэм ящыщ ди лэжьэгъуэхэм дахуэзэну, депсэлъэну, дызэчэнджэщыну, ди мурадхэр зэхуэтІуэтэну. Абы къыдэкІуэу ЦІыхубэ информацэм и Іэнатіэхэм, театрым, кином я «Іуащхьиблым тету. Вятка-2024» медиафорумым дыхэтащ. Киров щыпсэухэр дэ хуабжьу къытщыгуфыкІыу драгъэблэгъащ, езыхэм зэрыгушхуэ щІыпІэхэр дагъэлъэгъуащ. Дэ дыщыІащ Циолковский К. Э. и цІэр зезыхьэу авиацэмрэ космонавтикэмрэ я музейм, «Зэманым и псыежэх» скверым, сабийхэр зэрыджэгу хьэпшыпхэр щащІ «Гъатхэ» фабрикэм, «Вятка» ГТРК-м и телеканалым, «АКТВ» медиахолдингым, щІыпІэ типографием, лъэсу къыщыткІухьащ Вяткэ псым и Іуфэм.

МАХЪЭШОКЪУЭ Мухьэмэд.

НэхъыфІхэр ягъэлъапІэ

Бадзэуэгъуэм и 30-р Урысей МВД-м хэт Тыл ІэнатІэхэр къыщызэрагъэпэща махуэщ.

КЪЭРАЛ кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КъБР-м щыІэ, полицэм и генерал-майор Крючков Вячеслав я махуэмкІэ екъуэхъуащ я лэжьакІуэхэмрэ ветеранхэмрэ. ІэнатІэхэр къыщызэрагъэпэщам и щІыхькІэ нэхъыфІхэм гулъытэ хуащІащ.

Крючков Вячеслав къеджащ Урысей Федерацэм къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министрым и къуэдзэ, полицэм и генерал-полковник Шуликэ Виталий и хъуэхъу телеграммэм.

«Тыл ІэнатІэхэр куэд къызэщІэзыубыдэ, къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ органхэм я лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщщ. Хэхауэ фІыщІэ яхузощІ къулыкъум и ветеранхэм, зи щІалэгъуэ лэжьакІуэхэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ хуащІа хэлъхьэныгъэхэм папщІэ», - итщ тхыгъэм. Ар полицэм и генерал-майор Крючков Вячеслав ІэщІилъхьащ КъБР-м щыІэ МВД-м и Тылым и унафэщІ, къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник Корниенкэ Сергей.

Адэкіэ зи къалэнхэр хьэлэлу езыхьэкІхэм икІи екъулІэныгъэхэр зыІэрызыгъэхьахэм ведомствэм и щІыхь, министрым къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхылъхэр ираташ КъБР-м щыІэ МВД-м, Урысей МВД-м и щІыналъэ къудамэхэм я тыл ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм.

- Я ІэщІагъэм хуэІэижь лэжьакІуэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ ІэнатІэхэр материально-техникэ, хозяйственнэ я лъэныкъуэкІэ къызэгъэпэщыным. Гупым и лэжьакІуэхэмрэ ветеранхэмрэ узыншагъэ быдэ, насыпрэ унагъуэ зэІузэпэщыгъэрэ фиІэну си гуапэщ, - къыхигъэщащ министрым.

УАРДЭ Жантинэ.

● ЩІДАА

ЩІэныгъэ журналым и къыдэкІыгъуэ

Дунейм къытехьащ ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо адыгэ академием и журналым и 2-нэ къыдэкІыгъуэр. Абы ихуащ математикэм, экологием, филологием, техникэмрэ технологиемрэ, мэкъумэшым ятеухуауэ ди щІэныгъэлІхэм ягъэхьэзыра тхыгъэхэр.

ЗИ чэзу къыдэкІыгъуэм ихуащ журналым и редактор нэхъыщхьэ, биологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и щІэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий илъэс 70 зэрырикъуам теухуауэ тхыгъэ. Ар игъэхьэзыращ щІэныгъэхэмкІэ КъШР-м щІыхь зиІэ и узэщІакІуэ, биологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор Онипченкэ Владимир.

- Мэлыжьыхьым и 25-м и ныбжьыр илъэс 70 ирикъуащ Кавказым и къэкІыгъэхэр кууэ зыдж, профессор Щхьэгъэпсо Сэфарбий. ЦІыхур щІэныгъэм зэрыхуэпэжьымрэ абы хуиІэ лъагъуныгъэмрэ я щапхъэщ Сэфарбий. Ар лъэпкъ щІэныгъэми жылагъуэми хуолажьэ, политик лъэщщ, егъэджакІуэ щыпкъэщ, хэкум и щІыуэпсыр хъумэным, егъэфІэкІуэным хущІэкъу щІэныгъэлІ цІэрыІуэщ. Щхьэгъэпсор, Кавказым и закъуэ мыхъуу, Урысейми къэрал щІыбми къыщацІыху, и лэжьыгъэхэмрэ къэхутэныгъэхэмкІэ. ГъэщІэгъуэнращи, а псори екІуу зэдехьыф, сыт хуэдэ лэжьыгъэ и пщэ къыдалъхьами, полъэщ. Сэри си дэлэжьэгъухэми къабгъэдэкІыу хъуэхъуфІкІэ зыхуэзгъэзэну си гуапэщ Щхьэгъэпсом, узыншагъэ быдэ иІэну, и гуащІэр мыужьыхыу лъэпкъым иджыри куэдрэ хуэлэжьэну, - етх щІэныгъэлІым.

Журналым ихуащ щІыуэпсыр хъумэным хуэлажьэхэм я тхыгъи 5.

Дзыгъуэ лъэпкъхэм ящыщу лесная соня псэущхьэр Кавказым зэрыщыпсэум теухуащ КъБКъУ-м химиемрэ биологиемкІэ и институтым и щІэныгъэлІхэу Дзу Руслан, Бэрэгъун Еленэ, Шэрыб Іэсият, Шорэ Дианэ сымэ зэдатхар.

Шыгъулдыр (черника) Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыщыкІым кІэлъыплъащ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым и аспирант Емуз Игоррэ мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор Тамахинэ Аидэрэ. Башкортостан Республикэм куэдрэ узыщримыхьэлІэ, кІуэдыжхэм ящыщу къалъытэ къэкІыгъэхэм топсэлъыхь ЩІэныгъэмрэ технологиемкІэ Уфа дэт университетым биологие щІэныгъэхэмкІэ и доктор, профессор Ишмуратовэ Майерэ Ишбирдин Айратрэ.

Хамэ щІыналъэ къикІа къэкІыгъэхэм Кавказым и урысей щІыналъэхэм зэрызыщаубгъур къахутащ Бгылъэ щІыпІэхэм я щІыуэпсыр джынымкІэ КъБР-м и институтым и лэжьакІуэхэу, биологие щІэныгъэхэмкІэ доктор Пщыгъусэ Рустамрэ Чадаевэ Викториерэ. Абыхэм къызэрахутамкІэ, мы щІыпІэхэм нэхъапэІуэкІэ щымыкІауэ удз лІэужьыгъуи 9 къыщыхутащ, икІи уэшх мащІэ къызэрешхым, зэрыхуабэм, ахэр къыщыкІ щІыпІэхэр машинэхэр щызекІуэ гъуэгухэмрэ псымрэ зэрыпэжьыжьэм къыхэкІыу, заубгъу.

Адыгэм и теплъэр дахагъэм и пщалъэу къызэрыгъуэгурыкІуам тотхыхь Гъуаздджэхэмкіэ Кавказ-Ищхьэрэ къэрал институтым и профессор, культуролог Щауэцыкіу Людмилэ. ЩІэныгъэлІым едж адыгэ щэнхабзэм дахагъэр къызэрыхэщыжыр, абы щІэлъа философиер, адрей лъэпкъхэм адыгэр и дахагъымкІэ кхахэзыгъэщхьэхукІыу щытар.

БЕСЛЪЭНЕЙ Гуащэмахуэ.

● Дэ къытхуатх

Си егъэджакІуэ

«Адыгэ псалъэм» сыт щыгъуи пыщІэныгъэ яхуиІэщ и щІэджыкІакІуэхэм. Псом хуэмыдэу егъэджакІуэхэм - абыхэм я лэжьэкІэм, я цІыху хэтыкІэ екІум газетеджэхэр щыгъуазэ тщІым и мызакъуэу, езыхэм я Іуэху еплъыкІэхэмкІи, я гурыгъу-гурыщІэхэмкІи цІыхухэм ядэгушІу тхыгъэхэр къытыдодзэ. Щхьэлыкъуэ къуажэм дэт езанэ курыт школым и егъэджакІуэ Куэшмэн Маринэ и тхыгъэ къытІэрыхьар теухуащ я жылэм пщІэ иІэу дэса, иджыблагъэ дунейм ехыжа нэхъыжьыфІ Апажэ Сэрэждин.

ЩХЬЭЛЫКЪУЭ къуажэм дэсхэм, егъэджакІуэхэм, еджакІуэхэм гущІыхьэ ящыхъуащ щІэблэм щІэныгъэ етын ІэнатІэм илъэс куэдкІэ пэрыта нэхъыжьыфІ, лэжьыгъэм и ветеран Апажэ Сэрэждин Гъумар и къуэр дунейм зэрехыжар. Ар 1931 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м мы къуажэм къыщалъхуащ. Дэтхэнэ мэкъумэшыщІэ унагъуэми хуэдэу, абы и адэ-анэр колхозым щылэжьащ. Илъэс пщыкІутІым иту зи адэр Хэку зауэшхуэм хэкІуэда Сэрэждин сабиигъуэ тынш иІакъым. 1939 гъэм Щхьэлыкъуэ къуажэм дэт еджапІэм щІэтІысхьэри, абы классибгъур къыщиухащ. ИужькІэ ар советыдзэм ираджащ икІи абы къулыкъу щищІащ.

Сэрэждин щылэжьащ школ библиотекэм икІи абы къыдэкІуэу, епщІанэ классыр къыщиухащ Налшык къалэм дэт курыт еджапІэ №2-м.

Сэрэждин зыщІэхъуэпс ІэщІагъэр зригъэгъуэтыну 1956 гъэм ар щІэтІысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым, адыгэбзэмрэ литературэмрэ щадж и къудамэм.

1961 гъэм Апажэм университетыр къиухащ икІи япэщІыкІэ Къэрэгъэш къуажэм ягъакІуэри, абы щылэжьащ, иужькІэ Щхьэлыкъуэ дэт езанэ курыт еджапІэм илъэс куэдкІэ щІэблэр щригъэджащ.

Анэдэлъхубзэм хуэлэжьэным кІыхуалъхуат Сэрэждин. И еджакІуэхэм я ехъулІэныгъэр псом ящхьэт абы и дежкІэ. Категорие нэхъыщхьэ зиІэ егъэджакІуэ емызэшыр кІэлъыплъырт сабийхэм яхэлъыпхъэ лъэпкъ гъэсэныгъэми, абы и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ иритырт адыгагъэм, хабзэм, нэмысым.

Апажэ Сэрэждин щІэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ зыбгъэдэлъ цІыхут, гу къабзэ зиІэт. И ІэщІагъэм зэрыхуэІэзэм къыдэкІуэу, ар цІыхухэм гуапэу яхэтт, дэтхэнэми дэІэпыкъуну хьэзыру. Зыпэрыт ІэнатІэр нэгъэсауэ игъэзащІэрт, и къаруми, и зэманми еблэжьыртэкъым. Егугъуу лажьэми, унагъуэр зыхуей хуигъазэрт. И щхьэгъусэ Тэшэло Зоерэ абырэ бынищ зэдапІащ. Ипхъу ФатІимэ и адэм и ІэщІагъэр къыхихащ.

Сэрэждин илъэс плыщІым щІигъкІэ егъэджакІуэу лэжьащ. Абы къыдэкІуэу, школ унафэщІым гъэсэныгъэмкІэ и къуэдзэу щытащ. Илъэс куэдкІэ апхуэдэу егугъуу зэрылэжьам папщІэ Апажэм къыхуагъэфэщащ: «Урысей Федерацэм цІыхубэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и отличник» дамыгъэр, Лениныр къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу къыдагъэкІа медалыр, ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 50 зэрырикъум и щІыхькІэ медалыр. Апхуэдэуи Сэрэждин къратащ фІыщІэ, щІыхь тхылъ куэд. Абыхэм ящыщщ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ и министерствэмрэ щІыпІэ администрацэмрэ къабгъэдэкІхэри.

И лэжьыгъэр ирихьэкІа къудейкъым, атІэ Сэрэждин лъэужь дахэ къигъэнащ. И дуней тетыкІэкІэ, и Іуэху зехьэкІэкІэ щапхъэ дахэ игъэлъагъуэу дунейм тетащ ар. Абы и лэжьэкІэр гъуазэ яхуэхъуащ ди республикэм егъэджакІуэу щылажьэ куэдым. ЦІыхухэм я гум укъинэжьын папщІэ, уи гуащІэ уемыблэжу ІуэхуфІхэр яхуэблэжьын хуейщ. Сэрэждин зэи тщымыгъупщэн фІы куэд къытхуигъэнащ.

Зыгъэхьэзырар
ТАМБИЙ Линэщ.

И кІэм ноблагъэ

● Узыншагъэ

Бахъсэн дэт поликлиникэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэгъэзэжыным хуэунэтІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр и кІэм ноблагъэ. Іуэхур ягъэзащІэ цІыхухэм япэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр щрат Іуэхущ1апІэхэр къэгъэщІэрэщІэжьын программэм хыхьэу.

ПОЛИКЛИНИКЭМ и унэр 1974 гъэм яухуауэ щытащ. Илъэситху ипэкІэ абы и Іыхьэ гуэрхэр зэрагъэпэщыжащ: унащхьэр, щхьэгъубжэ блыпкъхэр зэрахъуэкІащ, унэ щІыбыр къагъэщІэрэщІэжащ. Иджырей лэжьыгъэм хыхьэу унэм и инженер коммуникацэхэр, бжэхэр яхъуэжащ, еплІанэ къатым къыщыщІэдзауэ етІуанэм нэс и кІуэцІыр зыхуей хуагъэзащ, зэгъэпэщыжыныгъэхэр и кІэм щынагъэс япэ къатми.

ЦІыхухэм медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр псынщІэу икІи тыншу зэрыхуащІэным тещІыхьауэ дохутырхэр щылажьэ, диагностикэ пэшхэр зэкІэлъахьащ. Лэжьыгъэ псори зэфІэкІмэ, Іуэхущ1апІэр къызэрагъэпэщынущ хъыбарегъащІэ Іэмалыщ1эхэмрэ гъуэгугъэлъагъуэ картэхэмкІэ.

Сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу къагъэщІэрэщІэжа поликлиникэр иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ къызэрагъэпэщынущ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● УФСБ-м къет

Полицэм и лэжьакІуэхэр ягъэкъуаншэ

Урысей МВД-м Май районым щиІэ къудамэм и лэжьакІуэхэу Боциев А. А., Исаев Н. П. зэрахьэ щІэпхъаджагъэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм къызэпиудащ.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКІЭ, абыхэм щІыпІэм щыпсэу, къэрал щэхум ехьэлІа хъыбарым щыгъуазэ зызыщІыну Іэмал зимыІэ цІыхубзыр щыгъуазэ ящІащ езым ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІ къэлъыхъуэныгъэ Іуэхухэм.

КъБР-м и Суд нэхъыщхьэм и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткІэ ахэр къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м 283-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ икІи ямыгъэтІысу илъэси 2 тралъхьащ, илъэси 3-кІэ къулыкъу ІэнатІэм пэрыувэну хуитыныгъэ ямыІэу.

Тэрчдэсым наркотикхэкІхэр иригъэкІырт

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м я лэжьакІуэхэм, наркотикхэкІхэр игъэкІыным пэщІэт Іуэхухэр ирагъэкІуэкІыу, къызэпаудащ Тэрч къалэм щыпсэу, илъэс 44-рэ хъу Алэджыкъуэ Т. К. зэрихьэ щІэпхъаджагъэр.

ТЭРЧ район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткІэ Алэджыкъуэ Т. К. къалъытащ УФ-м и УК-м 30-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм, 228.1-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм и «б» пунктым, 228.1-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэхэр илэжьауэ. Абы илъэси 8-рэ мази 8-рэ тралъхьащи, тезырыр ткІийуэ щрахьэкІ колонием щигъэкІуэнущ.

Уголовнэ Іуэху къаІэтащ

«Чегемрайводоканал» муниципальнэ унитар Іуэхущ1апІэм ахъшэ зэрыщызыкІэщІаупщІар Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м я лэжьакІуэхэм, экономикэм ехьэлІа щІэпхъаджагъэхэм пэщІэт Іуэхухэр ирагъэкІуэкІыу, къыщІагъэщащ.

УФ-м и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыІэм уголовнэ Іуэху къиІэтащ УФ-м и УК-м и 160-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм, 327-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм ябгъ иткІэ. Апхуэдэ щІэпхъаджагъэхэр зылэжьар илъэси 6-м нэскІэ ягъэтІыс.

Илъэсиблым нэс

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м я лэжьакІуэхэм къызэпаудащ щІыпІэм щыпсэу цІыхуищым зэрахьэ хабзэншагъэр, хамэ къэрал цІыхухэр Урысей Федерацэм щыІэныр хабзэншагъэкІэ къызэзыгъэпэщхэр.

ШЭЧ зыхуащІхэм ятеухуа уголовнэ Іуэху къаІэтащ УФ-м и УК-м и 322.1-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткІэ. Ахэр илъэси 7-м нэскІэ ягъэтІысынкІэ мэхъу.

Мы махуэхэм

Шыщхьэуіум и 10, *щэбэт*

♦ **1921 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, щІэныгъэлІ **Нало Ахьмэдхъан**.

♦ **1929 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Емуз Гъузер**.

♦ **1930 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, «Горянка» газетым и япэ редактор нэхъыщхьэу щыта **Сэбаншы Розэ**.

♦ **1930 гъэм** къалъхуащ литературэдж, Дагъыстэным щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Ержыб Аслъэн**.

♦ **1940 гъэм** къалъхуащ Сириемкъикіыжа щІэныгъэлІ, тхакІуэ **Къумыкъу Мамдухь**.

♦ **1940 гъэм** къалъхуащ медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мызэущ Борис**.

♦ **1948 гъэм** къалъхуащ усакІуэ, тхакІуэ, «Адыгэ амазонкэхэр» тхылъыр зи Іэдакъэщ1экІ **Ахъмэт МуІэед**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 22-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 11, *тхьэмахуэ*

♦ **1957 гъэм** Москва щызэхуащІыжащ ЩІалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я VI дунейпсо фестивалыр. Хэкум ис адыгэхэмрэ хамэ къэралхэр ІэмалыншагъэкІэ псэупІэ зыхуэхъуахэмрэ я лІыкІуэхэу а зэхуэсышхуэм хэтахэр абы щызэрыгъуэтыжауэ, я хъыбар щызэІэпахауэ щытащ.

♦ **1934 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цІыхубэ артист, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Къаздэхъу СулътІан**.

♦ **1945 гъэм** къалъхуащ медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Елгъэр Анатолэ**.

♦ **1966 гъэм** къалъхуащ экономикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Дзыхьмыщ1 Иринэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 22-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 12, *блыщхьэ*

♦ **ЩІалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ**

♦ **Каспий тенджызым и дунейпсо махуэщ**

♦ **1930 гъэм** къалъхуащ химие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бырхьэм Михаил**.

♦ **1944 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакІуэу, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэу щыта, УФ-м щІыхь зиІэ и ухуакІуэ **Тыркуин Анатолэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 23-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Сыт зэмани езым и фащэ щыгъыжщ.

Хьэцэпэцэр гуэным иракІутэж

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэм, нэгъабэ нэхърэ нэхъ псынщІэу, ауэ щыІэ мэкъумэш-технологие пІалъэм фІамыгъэкІыу хьэцэпэцэр кърахьэлІэжащ. Республикэм и щІыналъахэм я администрацэхэм АПК-мкІэ щыІэ управленэхэм иджыблагъэ къызэратамкІэ, псори зэхэту тонн мин 275-м щІигъу яІуащ.

МЫ ГЪЭМ гъавэу Іуахыжам и нэхъыбэр гуэдзырщ - тонн мин 208-м нэблагъэ, хьэуэ - тонн мин 57-м щІигъу, адрей къэнар зэнтхъымрэ нэгъуэщІ къэкІыгъэхэмрэ къалъысащ.

Жылапхъэхэр хэсэным ехьэлІауэ щыІэ мардэмрэ хабзэмрэ тету лэжьэн зэрыхуеймк къыхэкІыу хьэцэпэцэм щыІуэ ирагъэубыдам мы гъэм кІэрагъэхуащ нэгъабэ елъытауэ икІи гектар мин 75,7-рэ хъууэ щытауэ араща. Апхуэдэу щыхъукІи, республикэм гъавэ нэхъыщхьэу къыщалъыта нартыхум гектар мини 128-рэ хухахащ. Нэгъабэ хасам нэхърэ нэхъыбэщ ар.

Зэрыхабзэу, нартыхур Іухьжын республикэм и мэкъумэшыщІэхэм щыщІадзэр фокІадэм и етІуанэ Іыхьэрщ, ауэ мы гъэм дунейр зэрыхуэбам къыхэкІыу абы нэхъ пасэу иужь ихьэнущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ТВ НЭТЫНХЭР

Блыщхьэ, шыщхьэуIум и 12

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ТРЕЙДЕР» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.05, 03.40, 04.15 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00 Вести. Местное время
09.30 Утро России
09.55 О самом главном (12+)
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30, 18.30 «60 минут» (12+)
13.00 «Наши» (12+)
14.35 Вести. Местное время
15.00 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.30 «Малахов» (16+)
21.05 Вести. Местное время
21.20 Т/с «МОСКОВСКИЙ РОМАН» (16+)
01.25 Т/с «ОСИНОЕ ГНЕЗДО» (16+)

НТВ

04.50 Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
08.25, 10.35 Т/с «ВОЗВРАЩЕНИЕ МУХТАРА» (16+)
11.00 Т/с «ПЕС» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «ДНК» (16+)
20.00, 00.00 Т/с «НЕВСКИЙ. ЧУЖОЙ СРЕДИ ЧУЖИХ»
00.30 «Маска» (12+)
03.10 Т/с «ФЕМИДА ВИДИТ» (16+)

ЗВЕЗДА

05.20 Х/ф «НОЛЬ-СЕДЬМОЙ» МЕНЯЕТ КУРС» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
12.20 «Битва за небо. История военной авиации России» (16+)
13.20, 15.05, 17.15 Т/с «ЧУЖИЕ КРЫЛЬЯ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.00 «Великий разлом. Борьба за Восточную Азию». «Путь самурая. курс на завоевание» (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.35 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Война миров». «Битва за небо. Советские летчицы против асов Люфтваффе» (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «ИМ ПОКОРЯЕТСЯ НЕБО» (16+)
01.20 Х/ф «В НЕБЕ «НОЧНЫЕ ВЕДЬМЫ» (16+)

РОССИЯ К

06.30 Д/ф «Княгиня Дашкова. Директор российской науки»
07.20 «Олег Табаков. В поисках радости. Театральная повесть в пяти вечерах»
08.00 Д/с «Репортажи из будущего»
08.45 Т/с «В ПОИСКАХ КАПИТАНА ГРАНТА» (16+)
10.00, 12.30, 16.30, 19.30 Новости культуры
10.15 XX век
11.15 Д/ф «Роман в камне»
11.45 Искусственный отбор
12.45 Х/ф «МУЖЕСТВО» (16+)
13.55 Линия жизни
15.05 Д/ф «Старейшие музыкальные коллективы России. Певческая капелла Санкт-Петербурга»
15.35 «Рассказы из русской истории»
16.45 Д/с «Блеск и горькие слезы российских императриц»
17.10 Д/с «Забытое ремесло»
17.25 Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
19.00 Д/с «Вначале было дело... Или История русской промышленности»
19.50 Д/ф «Организатор пространства Николай Шумаков»
20.30 «Спокойной ночи, малыши!»
20.45 «Олег Табаков. В поисках радости. Театральная повесть в пяти вечерах»
21.25 Спектакль «На всякого мудреца довольно простоты»
00.25 Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)

МАТЧ!

06.00 «Звезды без правил» (12+)
06.30 «Все о главном» (12+)
07.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 22.00 Все на Матч!
10.00 Х/ф «ДЖУЛУР. МАСРЕСТЛИНГ» (16+)
12.35 Специальный репортаж (12+)
13.00 «Есть тема!»
14.25 Д/с «Век нашего спорта» (12+)
15.30 «Громко»
16.45 Дартс. OLIMPBET. Летняя серия. Прямая трансляция из Москвы
18.45 Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
19.55 Футбол. «КАМАЗ» (Набережные Челны) - «Торпедо» (Москва). МЕЛБЕТ. Первая лига. Прямая трансляция
22.55 Д/с «Век нашего спорта» (12+)
23.55 Смешанные единоборства. М. Тыбура - С. Спивак. UFC. Трансляция из США (16+)
00.55 Баскетбол 3х3. Международный студенческий кубок. Трансляция из Красноярска

Гъубж, шыщхьэуIум и 13

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ТРЕЙДЕР» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.05, 03.40, 04.15 ПОДКАСТ.ЛАБ

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00 Вести. Местное время
09.30 Утро России
09.55 О самом главном (12+)
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30, 18.30 «60 минут» (12+)
13.00 «Наши» (12+)
14.35 Вести. Местное время
15.00 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.30 «Малахов» (16+)
21.05 Вести. Местное время
21.20 Т/с «МОСКОВСКИЙ РОМАН» (16+)
01.25 Т/с «ОСИНОЕ ГНЕЗДО» (16+)

НТВ

04.50 Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
08.25, 10.35 Т/с «ВОЗВРАЩЕНИЕ МУХТАРА» (16+)
11.00 Т/с «ПЕС» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «ДНК» (16+)
20.00, 00.00 Т/с «НЕВСКИЙ. ЧУЖОЙ СРЕДИ ЧУЖИХ» (16+)
00.30 «Маска» (12+)

ЗВЕЗДА

05.15 Т/с «ЧУЖИЕ КРЫЛЬЯ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Х/ф «УВОЛЬНЕНИЕ НА БЕРЕГ» (16+)
13.20 «Специальный репортаж» (16+)
13.35, 15.05 Т/с «ЧУЖИЕ КРЫЛЬЯ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
15.50, 17.15 Х/ф «22 МИНУТЫ»
18.00 «Великий разлом. Борьба за Восточную Азию». «От Перл-Харбор до Хиросимы» (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.35 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Улика из прошлого». «Последний выстрел. дело о пропавших наемниках ВСУ» (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «ЕСЛИ ВРАГ НЕ СДАЕТСЯ...» (16+)
01.00 Х/ф «УВОЛЬНЕНИЕ НА БЕРЕГ» (16+)
02.25 Х/ф «ИМ ПОКОРЯЕТСЯ НЕБО» (16+)
04.10 Д/ф «Герой 115» (16+)

РОССИЯ К

06.30 Д/ф «Первый Университет»
07.20 «Олег Табаков. В поисках радости. Театральная повесть в пяти вечерах»
08.00 Д/с «Репортажи из будущего»
08.45 Т/с «В ПОИСКАХ КАПИТАНА ГРАНТА» (16+)
10.00, 12.30, 16.30, 19.30 Новости культуры
10.15 Д/с «Телетеатр. Классика»
11.15 Д/с «Вначале было дело... Или История русской промышленности»
11.45 Искусственный отбор
12.45 Х/ф «МУЖЕСТВО» (16+)
13.55 Д/ф «Первый Университет»
14.35 Неделя камерной музыки
15.35 «Рассказы из русской истории»
16.45 Д/с «Блеск и горькие слезы российских императриц»
17.10 Д/с «Забытое ремесло»
17.25 Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
18.25 Д/ф «Роман в камне»
19.00 Д/с «Вначале было дело... Или История русской промышленности»
19.45 Д/ф «Владимир Фортов. Прикоснуться к солнцу»
20.30 «Спокойной ночи, малыши!»
20.45 «Олег Табаков. В поисках радости. Театральная повесть в пяти вечерах»
21.25 Спектакль «Амадей»
00.05 Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
01.05 Д/ф «Роман в камне»
01.35 Неделя камерной музыки
02.30 Д/с «Вначале было дело... Или История русской промышленности»

МАТЧ!

06.00 «Звезды без правил» (12+)
06.30 «Наши иностранцы» (12+)
07.00, 10.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 15.30, 19.30, 22.00 Все на Матч!
10.05, 12.35 Специальный репортаж (12+)
10.25 «Вопреки всему» (12+)
11.25 Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
13.00 «Есть тема!»
14.25 Д/с «Век нашего спорта» (12+)
16.45 География спорта (12+)
17.15 Футбол. «Оренбург» - «Локомотив» (Москва). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
19.45 Футбол. «Ростов» (Ростов-на-Дону) - «Химки» (Московская область). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
22.55 Д/с «Век нашего спорта» (12+)
23.55 Бокс. Б. Харт - Т. Старлинг. Bare Knuckle FC. Трансляция из США (16+)
00.55 Регби. «Енисей-СТМ» (Красноярск) - «Локомотив-Пенза». PARI Кубок России. 1/2 финала (12+)
02.55 Новости (0+)
03.00 Пляжный футбол. «Крылья Советов» (Самара) - «Спутник» (Самара). OLIMPBET. Чемпионат России. Трансляция из Москвы (0+)
04.15 Пляжный футбол. ЦСКА - «Спартак» (Москва). OLIMPBET. Чемпионат России. Трансляция из Москвы

Бэрэжьей, шыщхьэуIум и 13

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ТРЕЙДЕР» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.05, 03.40, 04.15 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00 Вести. Местное время
09.30 Утро России
09.55 О самом главном (12+)
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30, 18.30 «60 минут» (12+)
13.00 «Наши» (12+)
14.35 Вести. Местное время
15.00 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.30 «Малахов» (16+)
21.05 Вести. Местное время
21.20 Т/с «МОСКОВСКИЙ РОМАН» (16+)
01.25 Т/с «ОСИНОЕ ГНЕЗДО» (16+)

НТВ

04.55 Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
08.25, 10.35 Т/с «ВОЗВРАЩЕНИЕ МУХТАРА» (16+)
11.00 Т/с «ПЕС» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «ДНК» (16+)
20.00, 00.00 Т/с «НЕВСКИЙ. ЧУЖОЙ СРЕДИ ЧУЖИХ» (16+)
00.30 «Маска» (12+)
03.25 Т/с «ФЕМИДА ВИДИТ» (16+)

ЗВЕЗДА

05.15 Т/с «ЧУЖИЕ КРЫЛЬЯ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Х/ф «ВО БОРУ БРУСНИКА» (16+)
12.50 «Специальный репортаж» (16+)
13.20, 15.05, 17.15 Т/с «ЕСТЕСТВЕННЫЙ ОТБОР» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.00 «Великий разлом. Борьба за Восточную Азию». «Закончить Вторую мировую» (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.35 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Секретные материалы». «Тайны «Батальона Дубай». Скрытые траектории бегства с Украины» (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «ГОСУДАРСТВЕННЫЙ ПРЕСТУПНИК» (16+)
01.15 Х/ф «ВО БОРУ БРУСНИКА» (16+)

РОССИЯ К

06.30 Д/ф «Первый Университет»
07.20 «Олег Табаков. В поисках радости. Театральная повесть в пяти вечерах»
08.00 Д/с «Репортажи из будущего»
08.45 Х/ф «ПРИКЛЮЧЕНИЯ ТОМА СОЙЕРА И ГЕКЛЬБЕРИ ФИННА» (16+)
10.00, 12.30, 16.30, 19.30 Новости культуры
10.15 Д/с «Телетеатр. Классика»
11.15 Д/с «Вначале было дело... Или История русской промышленности»
11.45 Искусственный отбор
12.45 Х/ф «МУЖЕСТВО» (16+)
13.55 Д/ф «Первый Университет»
14.35 Неделя камерной музыки
15.30 «Рассказы из русской истории»
16.45 Д/с «Блеск и горькие слезы российских императриц»
17.10 Д/с «Забытое ремесло»
17.25 Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
19.00 Д/с «Вначале было дело... Или История русской промышленности»
19.45 «Острова»
20.30 «Спокойной ночи, малыши!»
20.45 «Олег Табаков. В поисках радости. Театральная повесть в пяти вечерах»
21.25 Спектакль «Последняя жертва»
00.05 Т/с «СЛЕДСТВИЕ ВЕДУТ ЗНАТОКИ» (16+)
01.25 Неделя камерной музыки

МАТЧ!

06.00 «Звезды без правил» (12+)
06.30 География спорта (12+)
07.00, 10.00, 12.55, 15.55 Новости
07.05, 16.00, 21.45 Все на Матч!
10.05, 12.35 Специальный репортаж (12+)
10.25 «Вопреки всему» (12+)
11.25 Смешанные единоборства. М. Тыбура - С. Спивак. UFC. Трансляция из США (16+)
13.00 «Есть тема!»
14.15 Гребля на байдарках и каноэ. Кубок Доброй воли. Прямая трансляция из Москвы
17.00 Футбол. «Рубин» (Казань) - «Зенит» (Санкт-Петербург). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
19.15 Футбол. «Крылья Советов» (Самара) - «Спартак» (Москва). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
22.55 Д/с «Век нашего спорта» (12+)
23.55 Профессиональный бокс. Артуро Гатти - Микки Уорда. Трансляция из США (16+)
00.55 Регби. «Красный Яр» (Красноярск) - «Стрела-Ак Барс» (Казань). PARI Кубок России. 1/2 финала (12+)
02.55 Новости (0+)
03.00 Пляжный футбол. «Лекс» (Санкт-Петербург) - «Краснодар-ЮМР». OLIMPBET. Чемпионат России. Трансляция из Москвы

Махуэку, шыщхьэуIум и 14

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ТРЕЙДЕР» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.10, 00.55, 01.40, 02.25, 03.05, 03.40, 04.15 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00 Вести. Местное время
09.30 Утро России
09.55 О самом главном (12+)
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30, 18.30 «60 минут» (12+)
13.00 «Наши» (12+)
14.35 Вести. Местное время
15.00 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.30 «Малахов» (16+)
21.05 Вести. Местное время
21.20 Т/с «МОСКОВСКИЙ РОМАН» (16+)
01.25 Т/с «ОСИНОЕ ГНЕЗДО» (16+)

НТВ

04.50 Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
08.25, 10.35 Т/с «ВОЗВРАЩЕНИЕ МУХТАРА» (16+)
11.00 Т/с «ПЕС» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «ДНК» (16+)
20.00, 00.00 Т/с «НЕВСКИЙ. ЧУЖОЙ СРЕДИ ЧУЖИХ» (16+)
00.30 «Маска». Финал (12+)

ЗВЕЗДА

05.20 Т/с «ЕСТЕСТВЕННЫЙ ОТБОР» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня
9.50 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
10.05 - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.15 - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.20 - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
10.45 - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
11.05 - «Тейри къылыч» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
11.30 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
12.05 - «КъыддекIуэкIхабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
12.30 - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.45 - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
14.30 - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
15.35 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
16.05 - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
16.15 - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
16.20 - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
16.45 - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
17.05 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.35 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
18.05 - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ебланэ зэхуэсыгъуэм и депутат хэхыныгъэхэр (урысыбзэкIэ) (16+)
18.35 - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
22.25 - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)

Мэрем, шыщхьэуIум и 16

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
4.00 - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
4.10 - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
4.30 - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
5.00 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.30 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
«Хъыбарыщ Iэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00
«Хъыбарыщ Iэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00
«Хъыбарыщ Iэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00
7.15 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.45 - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.50 - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.20 - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
8.35 - «Таумакъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
10.05 - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.25 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
10.45 - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
11.05 - «Уиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.20 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.45 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
12.05 - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
12.35 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
12.50 - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.45 - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.50 - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
14.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
16.05 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
16.45 - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
17.05 - «Уиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
17.20 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
17.45 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
18.05 - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ебланэ зэхуэсыгъуэм и депутат хэхыныгъэхэр (урысыбзэкIэ) (16+)
18.40 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
18.50 - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.30 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
22.35 - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.25 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

ЩэбэТ, шыщхьэуIум и 17

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
2.30 - «Таумакъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
3.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
4.00 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
5.00 - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
5.10 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.30 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.25 - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
9.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
10.00 - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.20 - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.50 - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.21 - «Ишлегенни кёлю жарыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
11.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.00 - «Дэрэжэгъуэ» (урысыбзэкIэ) (12+)
12.44 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
14.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
14.50 - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
15.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
16.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
16.21 - «Ишлегенни кёлю жарыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
16.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
17.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
18.00 - «Дэрэжэгъуэ» (урысыбзэкIэ) (12+)
18.44 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.20 - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.35 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
22.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.20 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
23.30 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

Тхъэмахуэ, шыщхьэуIум и 18

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
3.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.25 - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
4.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
4.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
5.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
5.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
6.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
6.44 - 7.00 «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
«Хъыбарыщ Iэхэр». Тхъэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00
«Хъыбарыщ Iэхэр». Тхъэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00
«Хъыбарыщ Iэхэр». Тхъэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00
7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
8.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.45 - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.35 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
9.45 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
10.10 - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
10.40 - «Герс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.10 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.35 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
14.10 - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
14.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
15.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.40 - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
16.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.40 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
17.50 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
18.00 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
21.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

Сценэм къыщихьэнум псори пэплъэрт

● Фэеплъ

УФ-ми КъБР-ми щІыхь зиІэ я артист, КъБР-м и цІыхубэ артист Къаздэхъу СулътІан къызэралъхурэ шыщхьэуІум и 11-м илъэс 90 ирокъу. Ар ноби ящыгъупщэркъым и лэжьэгъухэм, къэзыцІыхуу щытахэм, и джэгукІэр зылъэгъуа псоми

ПАСЭУ белджылы къэхъуат Къаздэхъу СулътІан гъуазджэм зэрыдихьэхыр: школ самодеятельностым хэтт, езыр къыщалъхуа Ислъэмей къуажэм икІыурэ Бахъсэн кІуэрти, Щэнхабзэмкіэ унэм щагъэлъагъуэ спектаклхэм еплъырт. Налшык нэс щыкІуи щыІэт. Москва кІуэуэ актёру еджэну мурад зыщІа СулътІан нэхъыжьхэр зэрыпэрымыуамкІэ лъэпкъым къытхуэупсат...

Москва Луначарскэм и цІэр зезыхьэ и театр институтыр 1958 гъэм Къаздэхъу СулътІан щІыгъуу къаухауэ щытащ цІыху пщыкІублым. ЗэщІэгъэуІуауэ, гугъэшхуэ уагъэщІу къэкІуэжат ахэр лъэпкъ театрым.

Нэхъыщхьэр зэчийрщ, сценическэ Іэзагъырщ. Ауэ ари зыми щыщкъым, театрыр гукІи псэкІи фІыуэ умылъагъумэ, абы сытым дежи ухуэпэжу ущымытмэ.

- Къаздэхъур цІыхум ягу нэхъ къызэринари, и актёр Іуэхущіафэм и нэхъыбапІэри абы и гушыІэ, ауан ролхэрщ, комедиехэм щигъэлъэгъуа зэфІэкІырщ. Си тхыгъэхэм къытращІыкІа спектаклхэу «Гуащэмыдэ хьэблэ», «Гушыіэ махуэ апщий!», «Гушыіэр гушыІэщ», «Жьэмыгъуэ - Африкэм» хэтащ СулътІан. Сэ сытым дежи жызоІэ, ноби къыхэзгъэщыну сыхуейщ: Къаздэхъу СулътІанрэ Мэшыкъуэ Фенярэ а спектаклхэм зэрыщыджэгуам хуэдэу абыхэм я ролхэр зыгъэзэщІэн къэгъуэтыгъуейщ. А артист гъуэзэджэхэм я фІыгъэкІэ си персонажхэу Жьэмыгъуэрэ Хьэжымуридрэ роль-маскэ жыхуаІэ мыхьэнэр щагъуэтауэ къызолъытэ сэ ди театр гъуазджэм, - жиІэгъат Іутіыж Борис.

СулътІан и лэжьыгъэм илъэс тІощІкІэ кІэлъыплъа, апхуэдизи илъэс бжыгъэкІэ артист гуащІафІэм и ныбжьэгъуу щыта Хьэфіыціэ Мухьэмэд гукъинэж щыхъуащ Іутіыж Борис и «Тыргъэтауэ» спектаклым СулътІан щигъэзэщІа Шупашэ и ролыр купщІафІэу, зэрыджэгу щІыкІэри уи фІэщ хъуу къызэрехъулІар. Къаздэхъур удихьэхыу хэтащ «Хьэцацэ дахащэ», «Гуащэмыдэ хьэблэ», «Гушыіэр гушыІэщ», «Фыз цІыкІу къамэшхуэ», «ТІатІушэрэ СатІурэ», «Эдип» спектаклхэм. Илъэс къэси и зэфІэкІым хигъахъуэ зэпытт. Хуэфащэ дыдэуи СулътІан къыфІащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ артист» цІэ лъапІэр.

СулътІан цІыху хьэлэлу, сом фІэкІа имыІыгъми, ныбжьэгъухэм ядэгуэшэну хьэзыру, гумащІэу, хамэ къэрал къикІи ди лъэпкъэгъухэм зэман ятригъэкІуадэу, гуп яхэсмэ, емызэшу усэ къеджэу, дахэу гушыІэу, уэрэдыжь къыхадзэмэ ядиІыгъыу апхуэдэт.

- Сэ мызэ-мытІэу СулътІан и гъусэу гъуэгу сытехьащ. Ар цІыху тыншт, махуи, жэщи, илъэс бжыгъэкІи уригъусами, уигъэзэшынутэкъым. Илъэс зыбжанэ хъуауэ Къаздэхъу СулътІан щыІэжкъым. Ауэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр фІыуэ зылъагъуэхэм цІыхубэ артистыр ноби я гум щопсалъэ, щогуфІэ, щопсэу, - жеІэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд.

КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Тхьэзэплъыж Ислъам еджапІэм къикІыжу театрым щигъэзэжам япэ дыдэу къыІущІауэ щытар Къаздэхъу СулътІанщ. Театрым щІалэгъуалэ и машІэу, ещанэ студиер Москва ягъэкІуа къудейуэ арати, лэжьыгъэм псынщІэу пэрыувэн хуей хъуат ар.

Спектакль екІуэкІхэм псынщІэ дыдэу хашэрт, щІэ ягъэувахэми ролыншэ щыхъуртэкъым Ислъам. Мис а лъэхъэнэм гъуэгугъэлъагъуэ, чэнджэщэгъу хуэхъуар, театрым и щэхухэм нэІуасэ яхуэзыщІар СулътІант.

Зэман дэкІыу лэжьыгъэм хэзгъауэ актёрыным нэмыщІ режиссёрынми Тхьэзэплъыжыр щыхьхьэм, япэ дыдэу игъэувауэ щыта, Иоселиани Отар и пьесэм къытрищІыкІа спектаклым СулътІан хигъэхьащ. Шэт Николай и пьесэ «Сыт и уасэ лъагъуныгъэр» щигъэувми зэдэлэжьащ икІи а спектаклым ахэр щызэдэджэгуащ.

- СулътІан и бынунагъуэри сэри зы унэ дыщІэсащ. Абы щыгъуэ сэ къызгурыІуат гъунэгъуфІ жыхуаІэр зыхуэдэр. Унэ дызыщІэхуар артистхэмрэ дохутырхэмрэ зэдагуэшу арати, щІэсхэри псынщІэу дызэрыцІыхури, «хьэблэ цІыкІу» зыфІэтщыжауэ дыпсэуащ. Гуп зэхэшэу, хьэблэ зэрыІыгъыу, дифІри ди Іейри зэрыщІэу дыпсэуным елІэлІар СулътІанрэ абы и щхьэгъусэ Русланэрэщ, - жеІэ Тхьэзэплъыжым. - Хуабжьу зэкІуу, зыр адрейм щІэгъэкъуэн хуэхъуу я гъащІэр зэдахьащ а тІум. Я псэхэр зэпэІэщІэу псэуфыну къыщІэкІынтэкъыми, зэрагъэхьышхуэ щымыІэу, зэкІэлъехыжащ дунейм. Хьэблэр апхуэдизу а тІум зэрагъэІыгъырти, зыгуэрым нысэ къишэмэ е ипхъу иригъашэмэ, а Іуэхугъуэм елІалІэхэрт езыхэм яйм хуэдэу.

СулътІан и гуащІэм псори фІыуэ щыгъуазэт. Джэгуакіуэшхуэм и зэфІэкІым, абы зэрызиужьым фІэгъэщІэгъуэну кІэлъыплъхэрт. Режиссёрхэм нэхъ къагъэсэбэпу щытар СулътІан хэлъ комедийнэ зэфІэкІырт, уеблэмэ образ дыхьэшхэну хъуар абы иратырт гугъу зрамыгъэхьын папщІэ. Актёр Іэзэм а ролыр къызэрехъулІэнур ящІэрти, театреплъхэм я гум зэрынэсын зэфІэкІ зэриІэр къагъэсэбэпырт. Ауэ Іутіыж Борис и «Тыргъэтауэмрэ» «Эдипымрэ» СулътІан щигъэзэщІа образхэр ялъэгъуа иужькІэ, режиссёрхэми театреплъхэми къагурыІуащ абы и къэухыр зэрыиныр, узыгъэгупсысэ психологие драмэми, трагедиеми зэрыхуэІэижьыр.

СулътІан и зэфІэкІхэр къыщыгъэсэбэпа хъуащ радиомрэ телевиденэмри. Абы къыбгъэдэкІа лэжьыгъэ куэд яІэщ «дыщэ фонд» жыхуаІэм хэхуауэ. Къаздэхъум куууэ иджат, щыгъуазэт Щоджэнцыкіу Алийрэ КІыщокъуэ Алимрэ я Іэдакъэщіэкіхэр. И кІэм нэс гукІэ ищІэрт Алим и «Мадинэ» поэмэри, усакІуэшхуэм и тхыгъэхэм къытрищІыкІа композицэ игъэхъэзыращ «Зы актёрым и театр» жыхуаІэхэм хуэдэу, икІи мурад ищІат республикэм курыт еджапІэу итыр абы щыгъуазэ ищІыну.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а мурад дахэр и кІэм хунэгъэсакъым, игъэлъэгъуэфар спектаклитхущ. «Мы узыр тІэкІу сщхьэщыкІмэ, уэри узигъусэу, республикэм и школ псори къызэхэткІухьынщ», - жриІэрт абы Тхьэзэплъыжым. Хъарзынэ хъунт, абы и лэжьэгъуу щыта нэхъ щІалэхэм а Іуэхугъуэщіэр и кІэм нагъэсамэ.

Куэд илэжьу щытащ икІи хуэзэфІэкІащ СулътІан хамэ къэрал щыІэ ди лъэпкъэгъухэм яхуэгъэзауэ. Мызэ-мытІэу ар щыІащ адыгэ щыпсэу къэралхэм, яхуэзащ икІи зыкъыщигъэлъэгъуащ Адыгэ Хасэ» куэдым. Хэкум къагъэзэжынымкІэ зыбжанэм сэбэп яхуэхъуащ, ахэр иджы унагъуэ хъужауэ ди деж щопсэу. Къаздэхъум и унагъуэр, «етІуанэ хэкущ» жаІэу, абы и деж къемыблагъэу, щымыхьэщІэу и шыгъу-пІастэ яІумыхуэу адыгэ куэдым ягъэзэжакъым.

Жьы хъуауэ зипхъу закъуэр зыфІэкІуэду зи закъуэу къэна лІыжьым и ролыр «Жин фІыцІэ» спектаклым СулътІан зэрыщигъэзэщІам ипхъу Ларисэ щеплъар и сабиигуэрами, псэуху щыгъупщакъым. Гуэзвэгъуэм иужьыгуа, гъащІэр зыфІэмыІэфІыж лІыжьым губгъуэхэр, мэзхэр, бгыхэр, къуажэхэр къызэхикІухьырт. Апхуэдэу екІуэкІыурэ, зы къуажэ гуэрым щилъэгъуащ и пхъум ещхьу зы хъыджэбз. ЛІыжьым абы щэхуу кІэлъыплъын щІидзащ. ИужькІэ махуэ къэс губгъуэ удз гъэгъахэр хуихь хъуащ. Хъыджэбзым лІыжьым и гуэвэгъуэр зыхуэдэр къищІа нэужь, тхьэмадэм и щытыкІэр къыгурыІуащ икІи адэ гумащІэр пхъум зэрыхущытым хуэдэу къыхущытыну хуит ищІащ. Зэман дэкІа нэужь, хъыджэбзыр щІалэ къулейм щхьэгъусэ хуохъу, ауэ, псэгъу хуэхъуам и унагъуэм ар «зэрапэсыркъым», унагъуэ бей къызэрыхэмыкІам, и адэр фадэм зэрыдихьэхым, нысащІэр зэрысымаджэм къыхэкІыу. ЩІалэм и унагъуэр хуохьэ нысащІэр лъэныкъуэ ирагъэзыну. Гузэвэгъуэ къызэрыхъунур лІыжьым псэкІэ зыхещІэри, а унагъуэм макІуэ, ауэ хъыджэбзыр дунейм ехыжауэ ирохьэлІэ...

Пхъу хуэхъуа пщащэр щылІэм, лІыжьми щІэпсэун щхьэусыгъуэ имыІэжу къызэрилъытэр и нэгум къишу, гум щІыхьэ гъыбзэ къришу, хъыджэбзыр и ІэплІэм илъу утыку къохьэ. А дакъикъэм пэшым щІэсхэр дымат... Ларисэ игу хигъэщІат апхуэдэу дэІэпыкъуэгъуншэу, закъуэныгъэр кІытехьэлъэу, зэфІэкІыншэу и адэр щилъэгъуам. Нэхъ фІэгуэныхь хъуар и адэрарэ зи ролыр игъэзащІэ лІыжьрарэ гурыІуэгъуэтэкъым...

Ларисэ къиІуэтэжат и адэр дунейм ехыжыным ипэ къихуэу зрихьэлІа Іуэхугъуэ. Лэжьапіэ нэужьым и адэ-анэр илъагъуну кІуат. А зэманым я узыншагъэм къимыхьу, и адэри и анэри пІэм хэлът. И анэм пэшыр къызэпиплъыхьри, жиІащ: «Къаздэхъу, куэд щІауэ унэр зыхуей хуэдгъэзакъым, унэлъащІэхэр жьы хъуащ, зэтхъуэкІамэ фІыт. Зыгуэр къытщыщІрэ цІыхухэр къакІуэмэ, цІыху цІэрыІуэу щыта щхьэкІэ, фІыуи псэуакъым, унэлъащІэ лъапІи яІакъым, я пэшхэри зехьатэкъым къытхужаІэнщ». Абы и жэуапу СулътІан жиІат: «Умыгузавэ, Русланэ, мылъкукІэ мыхъуми, ныбжьэгъукІэ дыкъулейщ! Дунейм нэхъ лъапІэ дыдэу тетыр цІыхуращ! Нэхъыщхьэр цІыхум и гукъеуэр щхьэщыпхыфу, зыр адрейм удэІэпыкъуфу, узэкъуэту упсэунырщ».

А лъапІэныгъэхэр СулътІан псэуху далъэгъуащ. Ар щІэпсэуари щІэлэжьари цІыхухэращ, сценэр абы и гъащІэм къыгуихыртэкъым.

Иужьрей мазэхэм ар сымаджэщым щІэлъащ. И гукъыдэжыр къэзыІэтыф щымыІэу хэплъэрт. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым Балъкъыз Валерэ (а зэманым Къэбэрдей драмэ театрым и унафэщІу лажьэрт) сымаджэщым кІуэри, жриІащ Іутіыж Борис и творческэ пшыхь зэрыщыІэнур, абы и «Угушыіэнумэ, къеблагъэ» пьесэм щыщ Іыхьэ СулътІанрэ Мэшыкъуэ Фенярэ ягъэзэщІэну программэм зэрыхагъэхьар. СулътІан, дауи, абы арэзы техъуатэкъым. Балъкъыз Валерэ СулътІан гугъэ езытыжа псалъэхэр абы щыгъуэ къыхуигъуэтыфат. Валерэ ищІэрт ар СЦЕНЭМ ЗЭРЫЩЫПСЭУР, утыку щиткІэ къаруущІэ къызэрыхэхъуэр. СЦЕНЭМ ЗЭРЫЩЫДЖЭГУНУМ узым ирипэщІэтыну къару къыхилъхьэну хуабжьу щыгугъэрт Валери СулътІан ипхъу Лариси. Театреплъхэм фІыуэ къызэралъагъур, къызэрыпэплъэр къыгурыІуэрти... СулътІан а Іуэхум арэзы техъуащ. И нэм хъуаскІэ къыщІих хъужащ, къару, гукъыдэж къыльыкъуэкІри, жиІэн хуейхэр игу кьигъэкІыжу щІидзащ. Спектаклыр щыщыІэну махуэм машинэ къагъакІуэри, театрым макІуэ. Ар зэрысымаджэр и лэжьэгъу артистхэм ящІэрти, джэгуфыну пІэрэ, жаІэу гузавэрт.

СулътІан сценэм щихьэнум псори пэплъэрт. Ар джэгуат, иужьрейуэ утыку зэритыр гукІи псэкІи зыхищІэу. И къару, и гурыгъу-гурыщІэ псор и Іэзагъкіэ къигъэлъагъуэу, спектаклым еплъхэм ар яхуэупсащ. Абы къыпэкІуащ актёрым и дежкІэ нэхъ лъапІэ дыдэр - пшыхьым къирихьэлІахэм я Іэгуауэ кІыхьыр.

Сценэм икІыжа нэужь, программэр иухыху ар и лэжьэгъухэм я джэгукІэм кІэлъыплъащ. Зигъэпсэхуну къыжраІэ щхьэкІэ, яхуидакъым. И нэхэм нэщхьеягъуэ къащІихырт, и лэжьэгъухэм, сценэм, театреплъхэм сэлам ярихыж хуэдэт...

Зыгъэхьэзырар
ТЕКІУЖЬ Заретэщ.

● Антарктидэр къызэрахутэрэ илъэс 205-рэ щрикъум ирихьэлІэу

И уаер и хъумакІуэщ

Къэралыгъуэу дунейм тетыр зыхуэпабгъэ, щІы хъурейм и Ипщэ тІыгу, зыми емыщхь дуней зэхэтыкІэ зиІэ Антарктидэр къызэрызэІуахрэ илъэс 205-рэ ирикъуащ.

АНТАРКТИКЭР псом нэхърэ нэхъ щІыІэ щІыпІэ нэщІщ. Дэтхэнэ зы щІыналъэми хуэдэу, абыи щыІэщ бгыхэр, псыхэр, ауэ ахэр километритІым къыщыщІэдзауэ тхум нэсыхукІэ щІэгъэнащ зэи къэмыткІу мыл Іувхэмкіэ. Апхуэдэ климат ткІийм емылъытауэ, абы ущрохьэлІэ дунейм и къэхъугъэ гъэщІэгъуэныщэхэм. А щІыналъэ пхыдзам къыщец уэсыр псыІэ зэпылъэфу, ухэувамэ, макъ ищІу щкъыщкъыу апхуэдэщ. А щІыпІэр зэ нэхъ мыхъуми зэзыгъэлъэгъуа зекІуэлІхэм я тхыгъэхэм къызэрыхэщымкІэ, абыкІэ къыщец уэсым иІэкъым ди дежкІэ къыщесым и налъэ цІыкІунитІэхэм уеплъыпэмэ хэплъагъуэ тхыпхъэщІыпхъэхэр - абджыпсым ещхьу джафэщ. Езы мылырщи, ар ягъэткІуу псы папщІэу е шейуэ изыфахэм хуэдэн къэгъуэтыгъуейуэ Іэфіу икІи къабзэу къалъытащ.

Къабзагъэм дыкъыщызэтеувыІэнщи, абы кІуэхэм мыл джейхэм (айсбергхэр) я зэхуакухэр къызэрызэхакІухь кхъуафэжьейхэм щитІысхьэ, къыщикІыж къудейкІэ дизель дагъэгъэсыныпхъэм хэувэу тІэкІурэ хэтын хуей мэхъу, а щІыпІэм щымыІэ микроорганизмхэр щІыпІэм здрамыхьэн, абыкІэ щыІэхэр езыхэми къакІэрымыпщІэн хуэдэу. 2023 гъэм бзу пыхусыхур абы зэралъэІэс лъандэрэ егъэлеяуэ а мардэхэм тетщ, арыншамэ щІым и ипщэ гъунэм и къэкІыгъэ-псэущхьэ лъащІэм цІыхум я зэранкІэ зэхъуэкІыныгъэхэр игъуэтынри зыхуэІуа щыІэкъым.

ИтІанэ, Антарктидэ щыжытІэкІэ, псоми зэуэ ди нэгу къыщІыхьэр ар зи псэупІэ пингвинхэрщ. Ахэр лІэужьыгъуэ зыбжанэ мэхъу. Хужьхэр цІыхум хуокІуэ, фІыцІэхэр покІуэт, ауэ псори апхуэдизкІэ набдзэгубдзаплъэщи, шынэ жыхуаІэр ямыщІэу, гъунэгъу дыдэу къыббгъэдыхьэнурэ, пІыгъми пщыгъми къеІусэнущ, псом хуэмыдэу ахэр тецІуукІмэ, укъаувыхьынурэ узэпаплъыхьынущ. А щІыпІэм зекІуэ кІуэхэм гурагъаІуэ: хыбжий жейхэр къэвмыгъэуш, пингвинхэм фатемылъэщІыхь, фымыгъашхэ, зевмышэкІ. Антарктикэ щІыпІэм щетІысэхыу абы махуэ зыбжанэ нэхъ мыхъуми щыІэфхэм занщІэу бел цІыкІу зырыз кърат. АбыкІэ уэсыр къратхъури, нэху къыщекІын гъуэмб ящІ. ПщыІэхэр щыбгъэув хъуркъым. Щыжей уэншэкухэр а гъуэмбхэм иралъхьэу, хым хъыхиу жьы уаер къалъэмыІэсу, жеин хуейуэ аращ. ИхъуреягъкІэ щыІэ бгыхэмрэ псыхэмрэ я фэр щхъуэщ, ауэ а плъыфэ закъуэм щэ бжыгъэкІэ зегуэш. ЦІыхухэм япэгъунэгъуу тюлень цІыкІухэм я гъуэмбхэри къыщащІ къэхъуащ, тІури, зыр адрейм еплъуэ, тІэкІуи пыжеикІыурэ нэху ягъэщу.

1961 гъэм Антарктидэр зыми имей щІыналъэу къэлъытэным теухуауэ къэралхэм къызэдащта унафэми емылъытауэ, къэралі 7-м (Новэ Зеландием, Австралием, Франджым, Норвегием, Инджылызым, Чилим, Аргентинэм) абы къыщаубыдауэ щалэщ езыхэм я щІыналъэ нэпцІхэр. Абы щыщ зыІэрыгъэхьэным теухуауэ псоми ятекІуэжащ Аргентинэр; 1978 гъэм щІышылэм и 7-м цІыху зыщымыпсэу Арктикэм къыщалъхуащ япэ сабийр - Пальмэ Эмилио. Сабийр дунейм къытехьэным иджыри мазитІ иІэу, абы и анэр, къэрал унафэкІэ, Антарктикэм щыІэ Эсперанцэ хэщІапІэм яшэри, мазибгъу щрикъум, абы щызэфІэкІащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ Антарктикэ хытІыгу ныкъуэм и Іыхьэ хэлъынымкІэ абы япэу зи цІыху къыщалъхуа Аргентинэр шэсыпІэ ихьащ а сабийм кІэ.

Сыхьэт бжыгъэр къызэрабжым теухуауэ Антарктидэр щІыналъибгъуу зэпыудащ, абы щІы щаІыгъыу къызыфІэщІхэм щхьэж я щІыпІэхэм щызекІуэ мардэхэм ятещІыхьауэ. Арщхьэкіэ, щІы тІыгум и жэщмахуэр дэни зэрыщытемыхуэм къыхэкІыу, а зэрызэпыуда 9-м епщІанэу иджыри зы къыхагъэхьэн хуей хъуащ - нолым и меридианымкІэ яублэу. Абы и фІыгъэкІэ псом ейри зы сыхьэт бжыгъэм хуагъэкІуащ.

Антарктикэм и щІыуэпсыр къатщтэмэ, тхы зимыІэ, шэкІэ япІ псэущхьэхэр, бзухэр щыІэщ. ХытІыгум и гъунапкъэхэм гъэмахуэм ущрохьэлІэ жыглыцым, Іэгъэбэгухэм. Иужьрейхэр пшхы хъуркъым - щхъухь зыхэлъхэм хуэдэ защІэщ. А щІыпІэм щыІэкъым блэ, шындырхъуо, хъумпІэцІэдж.

ГъэщІэгъуэнщ: Антарктидэ Ипщэм и Тейлор мыладжэм псым апхуэдэ плъыфэр псы щІагъ удзхэм кърату къалъытащ 1911 гъэм, арщхьэкІэ иджыблагъэ ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, ар щІы щІагъым щІэт гуэлым куэду хэлъ гъущІым и оксидым и Іэужьу къыщІэкІащ.

А уэсылъэ щІыпІэм километр 900-кІэ щаубрууа шахтэм къыщагъуэтащ къэкІыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я гъашэхэр. ЩІэныгъэлІхэм къызэрахутамкІэ, абыхэм я ныбжьыр илъэс мелуан 90-м нос икІи иджырей тропик щІыпІэхэм я щІыуэпс щытыкІэм сыткІи тохуэ, зыхиубыдэри «мел лъэхъэнэрщ».

Антарктидэм и зы теплъэри гукъинэ пщыхъунущ: а щІыпІэм и хыгуэжхэм (залив) ихьауэ ит кхъухь инхэр цІыкІу дыдэ йохъуэкІ зи лъагагъым унэмыплъыс мыладжэ бгышхуэхэм. Антарктикэр иджыпсту кууэ зыджхэм яхэтщ Урысейри. Къапщтэмэ, нобэм къэс къэмыхъуауэ Урысей Ищхъэрэ-Къухьэпіэ университетым и щІэныгъэлІхэм антибиотикыщІэ къагупсысащ. АбыкІэ къагъэсэбэпари антарктикэ бактериехэрщ. Апхуэдиз щІыІагъым еса бактериехэр дунейм и сыт хуэдэ щытыкІэ шынагъуэми къыщыбгъэсэбэп хъунущ.

Зыми Іэщ Іэмылъ континентым дунейр щымамырщ, зэзэуэнымрэ зэныкъуэкъунымрэ зи лъым хэт цІыхур зыбгъэдигъэхьэну хуэмей хуэдэ, и уаер и хъумакІуэу.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Іуащхьэмахуэ и кІапсэ гъуэгухэр зэрахъуэкІ

«Іуащхьэмахуэ» курортым иджыблагъэ къыІэрыхьащ Мэзкуу къалэм и заводым къыщыщІагъэкІа, кІапсэ гъуэгухэм пкъралъхьэ пкъыгъуэ зэхуэмыдэхэр.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым и фокІадэм ІэщІагъэлІхэм къапэщылъщ «Мир», «Гарабаши» станцхэм я зэхуэкум дэт, бгым удэзышхэм я щытыкІэр къапщытэну икІи балансирхэр, подшипникхэр, нэгъуэщІ пкъыгъуэхэри зэрахъуэкІыну. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІ хабзэщ кІапсэ гъуэгухэр псори зэхэту сыхьэт мин 22,5-кІэ ягъэлэжьа нэужь.

«Иджырей техникэ къэпщытэныгъэхэм зыхуэдгъэхьэзыращ кІапсэ гъуэгухэр къыщІэзыгъэкІ «Руслет» Іуэхущ Іапіэм и Іэщ Іагъэлхэр ди гъусэу. Мыбы хьэлэмэту хэлъыр Урысей Федерацэм щыяпэу къэралым и заводхэм щащІа Іэмэпсымэхэр, пкъыгъуэхэр, хамэ къэралхэм я продукцэхэм дащымыгугъуу, зэрапкърытлъхьэрщ икІи ар узыщыгуфІыкІынщ», - жиІащ «Кавказ.РФ»-м и унафэщІым и къуэдзэ Беккаев Хьиса.

КъыкІэлъыкІуэ илъэсым апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІынущ «Азау», «Кругозор» станцхэм ехьэлІауи. Абы нэмыщІ, «Мир», «Кругозор» станцхэм я кІапсэ гъуэгухэм кабинэщІэу тІощІым нэблагъэ падзэнущ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, «Иннопром» фІэщыгъэр зэрихьэу мы гъэм Екатеринбург къалэм щызэхэта дунейпсо промышленнэ гъэлъэгъуэныгъэм «Кавказ.РФ»-м и унафэщІ Юмшанов Андрей щыжиІауэ щытащ Кавказ Ищхъэрэм и курортхэм папщІэ трактор лъэщу 35 - 40, кІапсэ гъуэгукІэ цІыхухэр къызэрырашэкІ кабинэу 19, абы щыщу 10-р бгы лыжэ комплексхэм щхьэкІэ, зэрыхуэныкъуэр.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

Налшык къалэ щыяпэу Альфа-Банкым и хэщІапІэ къыщызэІуах

Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм я къалащхьэхэмрэ къалэ нэхъ инхэмрэ Альфа-Банкым къыщызэІуих и хэщІапІэхэм хигъахъуэ зэпытщ. Иджыблагъэ апхуэдэ Іуэхущ Іапіэщ Іэм лэжьэн щыщІидзащ Налшык Щоджэнцыкіум и цІэр зезыхьэ и уэрамым тет 21-нэ унэм, къалэ администрацэм пэмыжьжьэу.



Альфа-Банкым и хэщІапІэхэр иджырей мардэм къотІасэ икІи адрей банкхэм я теплъэкІи, унэлъащІэ щІэгъэувэкІэкІи къащхьэщокІ. Мыбы щыплъагъунукъым цІыхухэр зыбгъэдэс хабзэ стІолхэр, компьютерхэр, кІапсэ зэпыщІахэр, электроннэ чэзуэхэр. Альфа-Банкым и иджырей офисхэм щІэт унэлъащІэхэр, кафем ущІэсу фІэкІа умыщІэну, хуиту зэхэгъэуващ.

«Шэч къытетхьэркъым Альфа-Банкым и хэщІапІэщІэм цІыхухэм щыхуащІэ финанс Іуэхутхьэбзэхэр я фІагъкІэ адрейхэм ейхэм къазэрыщхьэщыкІынум. Налшыкдэсхэм Іэмал яІэнущ иджырей банк технологиехэмрэ абыхэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я фІагъыр зыхуэдэр ди деж нэсу щызыхащІэну. Адрей банкхэм хуэдэуи, ди дежи банкым пыщІа сыт хуэдэ Іуэхутхьэбзэхэри щагъуэтынущ. Псоми фІыуэ ялъэгъуа, ахъшэр къызэрагъэсэбэпам щхьэкІэ махуэ 365-кІэ процент хамыгъэкІыу, кэшбэкым къигъэзэжу, цІыхухэм ятт кредит картэхэм хуэдэхэр ди деж къыщащтэ хъунущ. Мыдрейуэ, зыхуеину, къыхахыну кредитхэм ятеухуа чэнджэщхэмкІэ ди лэжьакІуэхэр къадэІэпыкъунущ», - жиІащ Альфа-Банкым и щІыналъэ къудамэу Ставрополь крайм щыІэм и унафэщІ Фединэ Светланэ.

ХэщІапІэщІэр къызэрызэІуахым иращІэкІа гуфІэгъуэ зэхьхьэм хэту Налшык къалэ администрацэмрэ Альфа-Банкымрэ зэгурыІуэныгъэ зэращІылІащ лъэныкъуитІми я фейдэ хэлъу пІалъэ кІыхькІэ зэдэлэжьэну, Налшык къалэ и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэгъэпсауэ.

Альфа-Банкым и хэщІапІэр: Налшык къалэ, Щоджэнцыкіум и цІэр зезыхьэ уэрам, 21-нэ унэ.

Щылажьэр: блыщхьэ - мэрем махуэхэм, сыхьэти 9-м къыщыщІэдзауэ 18 пщІондэ. Щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэщ.

www.alfabank.ru
Генеральная лицензия Банка России №1326 от «16» января 2015 г
Реклама. АО «Альфа-Банк» ИНН 7728168971
16+

● Шхынытъуэхэр

Къазыл гъэгъупцІа

Къазылыр нэхъ щагъэгъупцІыр бжьыхьэрщ, абы ирихьэлІэу къазыр пшэр мэхъури. Къаз яукІар мыдрей джэдкъазхэм хуэдэу зыхуей хуагъаазэ. И кІуэцІыр къраха нэужь, бгъэлэгубэм хуэзэу и кІыхьыпІэмкІэ тІуэу зэгуаупщІыкІ, тхыцІэм лъэмыІэсу. И кІуэцІыр псы щІыІэкІэ фІыуэ къратхьэщІыкІ, тІэкІу ягъэжэпхъри, пхъэ уадэкІэ е бэлагъкІэ яупІэ. Абы и ужькІэ тепщэчышхуэ лъэщІабгъуэм иралъхьэ зы сатырэу, лыр щІигъанэу шыгъушыпс щІыІэ щІакІэ, и щІыІум пхъэбгъу къабзэ тралъхьэ, мывэ хьэлъэ тралъхьэжри щІыІапІэм ягъэув. И щхьэр тепІауэ зы жэщкІэ щагъэт, шыгъур хыхьэн, къазыр упІауэ, зимыгъэшауэ щытын папщІэ. Къаз упІар шыгъушыпсым къыхахыж, псыр щІагъэж, тІэкІу ягъэжэпхъри кхъуей плъыжь зэрагъэгъум хуэдэу жьэгукІэ ягъэгъупцІ. Къазылыр гъур хъуху ягъэгъуркъым, атІэ ягъэгъупцІ къудейуэ аращ. Апхуэдэу гъэгъупцІа къазылыр дзасэкІэ гъэжьэгъуафІэщ. Къазыл гъэгъупцІар зэІымыхьэу куэдрэ щылъщ.

Къазыл гъэгъупцІам шхынытъуэ куэд къыхэпщІыкІ хъунущ, къапщтэмэ, тебэкІэ бжьын, кІэртІоф щІэлъу, дзасэкІэ ягъажьэ, н.къ.



● Псалъэжьхэр

Зэкъуэш псори зы анэ къилъхуркъым

♦Нэхъыжь кІэлъыджэркъым - кІэлъокІуэ.
♦Уи анэ къыбжиІэ едэІуи, уи адэ къыбжиІэ гъэзащІэ.
♦Блэр зытраукІэр и шэрэзщ.
♦Дзыбэ дзыусщ.
♦Жьым тесу, псым йопыдж.
♦И къамэ тІэу къихкъым, и псалъэ тІэу жиІэркъым.
♦КхъузанэкІэ псы зэрехьэ.
♦Псыкъуий мастэкІэ къетІ.
♦Яхуэмыущий ущиенкІэ Іэзэщ.
♦ІитІкІэ Іэ зыубыдым щІыбагъ псалъэ и куэдщ.
♦Іэ зиІэр къанэри, жьэ зиІэр кІуащ.
♦Гъунэгъурэ гъуэнщэджрэ.
♦Зэкъуэш псори зы анэ къилъхуркъым.
♦И анэ еплъи, ипхъу къашэ.

Нартыху хьэжыгъэ жэмыкуэ

Шыуаным псы щІыІэ иракІэ, абы джэдыкІэ кугъуэ уда зыхэлъ шатэ хакІэ, фІыуэ зэІащІэри, мафІэм трагъэувэ. ЗэІащІэурэ дакъикъи 5 - 6-кІэ къагъавэ. АдэкІэ нартыху хьэжыгъэ ухуэнщІар хаудэри, тхъу къыщІидзыху, дакъикъи 10 - 15-кІэ, зэІащІэурэ ягъажьэ. Хьэзыр мэхъу щыжаІэм, зэІащІэурэ, кхъуей цІынэ упщІэта халъхьэ, шыгъушыпс щІыІэ хакІэ. Пщтыру Іэнэм трагъэувэ, шху щІыІэ и гъусэу.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ): псы щІыІэу - г 100, шатэу - г 500, джэдыкІэ кугъуэу - 1, нартыху хьэжыгъэу - г 115-рэ, кхъуей цІынэу - г 40, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● ГъэщІэгъуэнщ

Зэчийм жыжьэ къыщыщІедзэ

США-м щыщ шахматист Фишер Бобби 1958 гъэм, и ныбжьыр илъэс 14 фІэкІа мыхъуу, гроссмейстер нэхъ щІалэ дыдэ хъуауэ щытащ.

* * *

Балтимор (США) щыІэ Макъамэ консерваторэм студент нэхъыщІэ дыдэу щІэтІысхьар илъэситху зи ныбжь Амос Торищ.

* * *

Инджылыз актёр Гринстрит Сидни и япэ дыдэ роль нэхъыщхьэр щигъэзэщІар и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирикъуа нэужьщ. 1941 гъэм ар щыджэгуащ «Мальтийский сокол» фильмым.

* * *

Австриием щыщ композитор Моцарт Вольфганг илъэси 4 щыхъум зэуэну макъамэр сыхьэт ныкъуэм къриубыдэу зригъэщІэфырт.

* * *

Сабий Іущ дыдэ Сидис Вильям Гарвард университетым щІэтІысхьащ и ныбжьыр илъэс 11 фІэкІа мыхъуу. Ар къыщыхъуар 1909 гъэрщ.

● Цыхушхуэхэм я гупсысэхэр

ГъащІэ дахэм и щэхур

ПщІэншэу зы сыхьэт зыгъакІуэ цІыхум гъащІэм и уасэр иджыри къыгурыІуакъым.

ДАЛИ Сальвадор.

Зы Іуэху имыІэу псэуфын цІыху щыІэу си фІэщ хъуркъым.

ДИККЕНС Чарльз.

Дахэу псэуар дахэу дунейм йохыж.

ДРАЙЗЕР Теодор.

ГъащІэм насыпу хэлъыр сыт щыгъуи ипэкІэ укІуэтэнырщ.

ЗАБОЛОЦКИЙ Николай.

Дахэу къэбгъэщІа илъэсхэращ гъащІэ дахэкІэ зэджэжри.

ЦЗЫ Лао.

МащІэ зыхузэфІэмыкІым куэди хуэгъэкъарукъым.

ЛОМОНОСОВ Михаил.

● Пасэрей бзылъхугъэ цІэрыІуэхэр

Гипатие

Ди эрэм и 4-5-нэ лІэщІыгъуэхэм я зэпылъыпІэм, Урым пащтыхьыгъуэр щызэпкърыхужым ирихьэлІэу, псэуащ Гипатие цІыхубз телъыджэр (370 - 415 гъэхэм). Ар математикэмкІэ, астрономиемкІэ, философиемкІэ щІэныгъэрылажьэу щытащ, математикэм и профессор Александрийскэ Теон ипхъут.

ГИПАТИЕ теплъэкІи, и дуней тетыкІэкІи, и хьэлкІи цІыхубз дахэу, гуакІуэу щытащ. Уеблэмэ, тхьэІухудт.

И адэр Александрийскэ библиотекэм щылажьэрт, щыпсэурти, и пхъур тхылъ бжыгъэншэхэм къаухъуреихьу къэтэджащ. Теон и пхъум сыт хуэдэ щІэныгъэ и лъэныкъуэкІи зэрызригъэужьыным хэту, езым ищІэр хъыджэбзым бгъэдилъхьащ. Япэ дищыу къыхэдгъэщынщи, Гипатие александрийскэ щІэныгъэ лэжьакІуэхэм я иужь дыдэу къыщІэкІащ... Абыи тхыдэ щхьэхуэ иІэщ.

Дунейм, хьэршым я зэхэлъыкІэр къыгурыІуэну хуейуэ, ар и лэжьыгъэ нэхъыщхьэу цІыхубзым иукъуэдият. И зэманри, къарури, гъащІэри щІэныгъэм щхьэзыхь хуищІыну мурад ищІри, Гипатие зэи дэкІуакъым, быни иІакъым, еджэныгъэм зи гур хуэкъабзэ гъэсэн и куэдти, абыхэм ядэлажьэу псэуащ.

Гипатие илъэс 20 хъууэ арат мусейоным егъэджакІуэу къыщащтам! ЩІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ пщащэ Іущыр мыгувэу дуней псом цІэрыІуэ щыхъуащ, неоплатонизмэм и философиемрэ математикэмкІэ иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэмкІэ. Гипатие и цІэр Европэмрэ Азиемрэ щызэхахати, цІыхубз телъыджэм деж я щІэныгъэм щыхагъэхъуэну хъуапсэу щІалэгъуалэ бжыгъэншэхэр къакІуэрт.

Ауэрэ, чыристан диныр Мысырым нэсащ. ЗэрытщІэщи, диныр цІыхухэм ІэщэкІэ кърагъащтэу арат. Езы Гипатие зэрыщІэныгъэрылажьэм къыхэкІыу, фІэщхъуныгъэр къищтэфакъым, зытекІуэдэжари аращ. Гипатие итха тхылъхэри яхэту, Александрийскэ библиотекэм щІэлъа тхыгъэ бжыгъэншэхэм мафІэ щІадзэри, чыристан диным и лэжьакІуэхэм ягъэсауэ щытащ. Языныкъуэ щІэныгъэлІхэм, тхыдэтххэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, Гипатие и гъэсэн гуэрым итхьэлэжауэ аращ, диным и лэжьакІуэхэм псэууэ яІэрыхьэмэ лІэкІей къыхуагупсысынути. Ауэ, закъуэтІакъуэми жаІэ, цІыхубзыр диным итхьэкъуа, Кирилл Александрийскэм игъэІуща гупым яІэрыхьэу, «мажусий щІэныгъэлІ лэжьакІуэр» гущІэгъуншэу яукІауэ. Гипатие и хъыбархэр нобэм къэсынутэкъым абы теухуахэр и гъэсэнхэм, тхыдэтххэм ямытхыжатэмэ.

Ар цІыху гуапэу, щабэу, Іущу щытауэ жаІэжырт абы иригъэджахэм. Уеблэмэ, Александрийскэ библиотекэм мафІэ щІадзауэ щисым, щІэныгъэлІхэр зэбгрыжырт, загъэпщкІурт. Ауэ Гипатие и щхьэ къыфІэмыІуэхуу, тхылъхэр мафІэм къыхихыну библиотекэм щІэлъэдат.

Хьэршым и зэхэлъыкІэр джыным телажьэу щытащ, икІи, зэрыхуагъэфащэмкІэ, ЩІым и орбитэр хъурей мыхъуу, хъурей хэшауэ зэрыщытыр япэу къэзыхутар аращ, ауэ а къэхутэныгъэр хэІущІыІу ищІыну хунэсакъым. ЩаукІам и ныбжьыр илъэс 45-рэ хъууэ арат.

Псалъэзэблэдз



ЕкІуэкІыу: **1**. Щхьэхынэ, жьажьэ. **6**. Іэщым хуэзхащІэ Іус. **7**. Пасэрей шыгу, щхьэ телъу. **8**. Куэдрэ щыта махъсымэм и кІэкъинэ. **9**. Адыгэ уэрэджыІакІуэ Іэзэу щыта, КъБР-м и цІыхубэ артист. **11**. Тырку дзэзешэм зэреджэ. **13**. Псы зэрызэрахьэ гуэгуэныр абы къыхащІыкІыу щытащ. **14**. Къум щІыІэжьым къинэу Сосрыкъуэ къригъэла нартхэм языхэз. **16**. Сэхуран гъэлыгъуа зыщэхэм яшыхьа тхылъымпІэ. **18**. Ямыупсу щхьэкум къранэу щыта щхьэц Іэрамэ. **20**. Школым щадж предмет нэхъ гугъухэм хабжэ. **22**. ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ театрым и джэгуакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, сурэттех. **23**. МафІэ къэлындам къыпех.

Къехьу: **1**. ЩІалэ бжьыфІэ, Іэпкълъэпкъ зэкІуэ зиІэ. **2**. Мусльымэн диным зэрыжиІэмкІэ, зи щІалэгъуэр зэи имыкІыу жэнэтым истхьэІуху. **3**. Школым къыщагъэсэбэп сэху тыкъыр. **4**. ПІастапхъэ. **5**. Ди лъэпкъэгъу, МВД-м и генерал-майор. **10**. Жьым щхьэримыхын папщІэ, сабий пыІэм ирадэ кІапсэ цІыкІуитІ. **11**. ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **12**. Ху къызыщІаІуакІа мэш хьэуазэ. **15**. Къуаншагъэ зылэжьа цІыху. **17**. Ар нэгъуэщІым хуэптІмэ, уэ уихуэжьинкІэ мэхъу. **19**. ЗауэлІым и шыпхэм пысу, гъэру ... къыздишэри къекІуэлІэжащ. **21**. Бын. **22**. ... лъакъуэрэ джэд лъакъуэрэ зыубыда щыІэ?

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Шыщхьэуіум и 3-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. Бажэ. **3**. Ауан. **8**. Арщын. **9**. Жагъуэгъу. **10**. Шхуэ. **11**. Тебэ. **13**. Гъубжэ. **15**. Ерэн. **17**. Джыдэ. **19**. Афэ. **21**. Бытыр. **23**. Дапхъэ. **25**. Къуажэ. **26**. Уэгуш.

Къехьу: **1**. Брам. **2**. Жэщ. **4**. Уэгъу. **5**. Нагъуэ. **6**. Еншэ. **7**. Бжэгъу. **12**. Бжьэ. **14**. Бгы. **16**. Нарт. **17**. Джэду. **18**. Абыкъу. **20**. Гуэгуш. **22**. Таж. **24**. Пхъэ.



Тырныауз къалэ

Урысей псом бгыщхьэм щауху и къалэ нэхъ лъагэ дыдэу къалъытэр Тырныауз щ - метр 1307-рэ щІыпІэм тетщ. Ар Бахъсэн псыхъуэ зэвым километрипІрэ нокъуэрэ и кІыхьагъыу бгы зэхуакум дэтщ. Тырныауз Іуащхьэмахуэ районым и къалащхьэщ. Мыбы лъэпкъ куэдым щыщхэр щопсэу. Ар къызыхэкІар, комбинатыр къыщызэІуаха зэманым къэралышхуэм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къикІыу, Іэщ Іагъэлі куэд къэкІуауэ зэрыщытарщ.

МЫ КЪАЛЭМ цІыху куэд щызэблокІ, Іуащхьэмахуэ дэкІыну, зыщаплъэхьыну. Азаукі зыунэтІхэм я гъуэгур Тырныауз кІэ докІ. А тІум я зэхуакур километр 40 къудейщ зэрыхъур.

Мы къалэм и щІыпІэ нэхъ лъагэ дыдэр метр 2786-рэ зи лъагагъ Тотурбаши бгырщ. А щІыпІэм щыкуэдщ мывэхур, гипсыр, вольфрамыр, молибденыр, гранит зэмылІэужьыгъуэхэр, ятІагъуэр.

Тырныауз къалэ щыхъуар 1955 гъэрщ, абы ипэкІэ Бахъсэн Ищхъэрэ къуажэу щытащ. А къуажэм и гъащІэр 1934 гъэм ихъуэжащ, Новочеркасскэ техникэ университетым и еджакІуэ Флёровэ Верэ аузым практикэ къэкІуауэ молибден къыщигъуэта нэужь. Абы и мызакъуэу, вольфрами къыщагъуэтауэ щытащ мы щІыпІэм.

Промышленностым вольфрамри молибденри куэду къыщагъэсэбэп. Ахэр егъэлеяуэ гъущІ быдэхэщ. Псалъэм папщІэ, фочышэм ущызыхъумэ зауэлІ фащэхэри ракетэ щащІым дежи къагъэсэбэп. Апхуэдэу лампІхэм илъ спиралхэри къызыхэщІыкІар вольфрамщ.

1940 гъэм Тырныауз къыщызэІуахауэ щытащ бгы-обогатительнэ комбинат. Абы и гъусэуи къалэм зиужьын щІидзащ. Ауэ куэдрэ мылажьэу, 1942 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм нэмыцэхэр гъунэгъуу къалэм къызэрекІуэлІам къыхэкІкІэ цеххэри шахтэхэри къагъауэри цІыхухэри щхьэдэхыпІэмкІэ Грузием яшауэ щытащ. Нэмыцэхэр мы щІыпІэм куэдрэ щытепщакъым, зыри къамыгъэуами хъунут - къагъэсэбэпэпыну хунэсынутэкъым. Іуащхьэмахуэ лъапэ советыдзэм зэман кІэщІкІэ хуит къищІыжа нэужь 1943 гъэм и щІышылэ мазэм зэрагъэпэщыжу щІадзащ комбинатыр икІи абы 1945 гъэм лэжьэн щІидзэжащ.

Къэралым апхуэдэ гъущІхэкІхэм зэрыхуэныкъуэм къыхэкІкІэ 1960 - 1980 гъэхэм комбинатым зиубгъу, ефІакІуэ зэпыту екІуэкІащ. Бгым щаухуащ хьэлъэ, цІыху къызэрырашэкІ кІапсэ гъуэгухэр. СССР-м и зэманым Тырныауз къалэ нэхъ къулей дыдэхэм ящыщ зыуэ щытащ.

90 гъэхэм къалэр тхьэмыщкІагъэ ихуауэ щытами, иджыпсту зиужьыжу щІидзащ. СССР-р къутэжа нэужь комбинатри зыхуащІыжащ, цІыхухэм лэжьыгъэ ямыгъуэту куэд къыдэІэпхъукІауэ щытащ. Комбинатыр щылажьэм къалэм цІыху мин 31-рэ дэсамэ, зыхуащІыжа нэужь къыдэнар цІыху мин 20-щ. Рудник мылэжьэжым щхьэщытщ Флёровэ Верэ и фэеплъыр. А бзылъхугъэр 1936 гъэм жьапщэшхуэм бгым къридзыхри иукІауэ щытащ.

Абы и щІыІужкІэ 2000 гъэм бгым псыдзэ къехам зэранытэшхуэ къихьауэ щытащ - лъэмыжыр икъутат, къат куэду зэтет унэхэм псышхуэ щІэуат, ирихыпи къыхэкІыу, комбинатым и оборудованэ къэнахэр, цеххэр Іисраф ищІат.

Тырныауз къалэм и хъуреягъыр икъукІэ дахэщ. Абы укІуа нэужь уи гум зыщегъэпсэху, жьыр къабзэщ, нэхъ гъэмахуэ махуэ хуабэми абы щыщІыІэтыІэщ. Іуащхьэмахуэ лъапэ екІуалІэ гъуэгур Тырныауз и уэрам нэхъыщхьэмкІэ ирокІуэ. КІуэ пэтми мы щІыпІэм туризмэм зыщеужь, абы къалэри къыдощІэрэщІэж.

БИЦУ Жаннэ.

Гунэс ящохъу

Урысей МВД-м и Налшык управленэм дэлажьэ Жылагъуэ советым иригъэкІуэкІащ «Гражданский мониторинг» акцэр. Ар хуэгъэзауэ щытащ цІыхухэмрэ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ органхэмрэ я дзыхьыр гъэбыдэным, апхуэдэуи полицэм и лэжьыгъэм теухуа жылагъуэ кІэлъыныгъэ егъэкІуэкІыным.

УПРАВЛЕНЭМ дэлажьэ Жылагъуэ советым и лІыкІуэхэу Газаев Масхьутрэ Фырэ Анфисэрэ щыІащ полицэм и къалэ управленэм и опорнэ пунктхэм язым.

Полицэм и участковэ уполномоченнэ нэхъыжь, полицэм и майор Зэкіурей Мусарэ балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкіэ инспектор, полицэм и лейтенант Безрокъуэ Сабинэрэ ахэр щыгъуазэ ящІащ я лэжьыгъэм, я нэІэ зытет щІыпІэм щІэпхъаджагъэ къыщымыгъэхъун папщІэ къагъэсэбэп Іэмалхэм. Гулъытэ хэха хуащІащ хъыбарегъащІэ стендхэр къызэрызэгъэпэщам.

Газаев Масхьутрэ Фырэ Анфисэрэ зыщагъэгъуэзащ балигъ мыхъуауэ хабзэм ебэкъуахэмрэ социальнэ щытыкІэ гугъум ит унагъуэхэмрэ профилактикэ учётым зэрагъэувым, зрагъэщІащ пунктыр техникэ и лъэныкъуэкІэ къызэрызэгъэпэщар, цІыхухэр зэрырагъэблагъэр, зэрызыкъыхуагъаззэхэмрэ лъэІухэмрэ зэратхым.

Жылагъуэ лэжьакІуэхэм къыхагъэщащ хъыбарегъащІэ стендхэм Управленэм и плъыр частым зэрызыпыпщІэнур къызэрыщыгъэнэІуам, «Урысей МВД-м и линэ пщтыр», къалэ, республикэ прокуратурэхэм я плъыр прокурорхэм, апхуэдэуи я щхьэ шынагъуэнэшагъэмкІэ ІэнатІэм я телефонхэр зэритым.

Акцэм кърикІуахэр зэпалъытыжри, Жылагъуэ советым и лІыкІуэхэм къыхагъэщащ хабзэхъумэхэр цІыхухэм гуапэу зэрахущытыр, я Іэщ Іагъэм фІыуэ зэрыхащІыкІыр икІи полицейхэм фІыщІэ хуащІащ я лэжьыгъэм папщІэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Черкесск медаль 25-рэ къраш

Черкесск къалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ Урысейм тхэквондомкІэ и зэгухьэныгъэм и президентым и Кубокыр къэхьыным хуэунэтІа уресейпсо зэхьэзэхуэ. Олимп джэгухэм хыхьэ лІэужьыгъуэмкІэ екІуэкІа а зэпеуэм хэтащ къэралым и щІыналъэ куэдым я спортсмен 400-м щІигъу - балигъхэри, нэхъ щІалэхэри, ныбжьыщІэхэри.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щІыхьыр ихъумэу зэпеуэм щыІащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и командэр икІи ехъулІэныгъэфІхэр абы щызыІэригъэхьащ. Псори зэхэту ди спортсменхэм медаль 25-рэ къахьащ: 11-р дыщэу, 6-р дыжьыну, 8-р домбеякъыу.

Я ныбжьымрэ хьэлъэгъымрэ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпІэхэр щаубыдащ Тхьэмокъуэ Элинэ (кг 42-рэ), Иуан Дианэ (кг 44-рэ), ПщыхьэщІэ Эстеллэ (кг 47-рэ), Бекъул Миланэ (кг 49-рэ), ВакъащІэ Лие (кг 55-рэ), Іусен Дамир (кг 59-рэ), Пэфыф Эвелинэ (кг 59+), Багъ Идаррэ Къэзанш Къасболэтрэ (тІури кг 63-рэ), Щоджэн Басир (кг 41-рэ) сымэ.

Балигъхэм я деж зэхьэзэхуэм япэ увыпІэхэр къыщызыхьахэр хэтынущ щэкІуэгъуэм и 5 - 11-хэм Налшык къалэм тхэквондомкІэ щекІуэкІыну урысей чемпионатым.

Командэм ядэлажьэр УФ-м щІыхь зиІэ и тренер Ахъмэт Амир, Унэжокъуэхэ Абдельджабаррэ Къантемыррэ сымэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.461
Заказыр №1705

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А